ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№136 (24.886) ● 2025 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 13, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

КIуэ пэтми Iэмалыщlэхэр ди гъащIэм нэхъ кууэ къыхохьэ, ар псынщIэ икIи тынш къытщащIу. Мы куаркодыр къэбгъэсэбэпу «Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ дэнэ щIыпIэ ущыIэми: Сбер-онлайным уохьэри абы тыбогъапсэ. АдэкIэ ди газетыр къигъэлъэгъуэнурэ кIэщI дыдэу ущигъэгъуэзэнущ икIи къебгъэхьын папщIэ (уи унэм е ппэгъунэгъу пощтым) и лъабжьэм деж уи цIэ-унэцIэмрэ хэщIапIэмрэ иботхэри, уасэр абдежым щыбот. Дыфщогугъ адыгэбзэкIэ къыдэкI газет закъуэм адэкIи и ныбжьэгъу пэжу фыкъэнэну!

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэрататмкIэ

Хэкумрэ цIыхубэмрэ яхуэпэжу

Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэм и махуэм и щIыхькIэ ирагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ зэхуэсым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м щыIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Васильченкэ Дмитрий**, хабзэхъумэ, къарузехьэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, жылагъуэ лIыкIуэхэр.

Зи махуэр зыгъэлъапIэхэм защыхуигъазэм КIуэкIуэ Казбек жиIащ:

- Мы махуэшхуэр жылагъуэ хабзэр къызэгъэпэщыным и плъырхэм, ди цIыхухэм я хуитыныгъэхэмрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщыным хуэлажьэхэм, я Хэкумрэ я цIыхубэмрэ яхуэпэжу я къулыкъухэр езыхьэкIхэм хуащI пщIэмрэ фIыщIэмрэ я дамыгъэщ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм зэманым къалэнышIэ нэхъ гугъухэр къахуегъэув, - къыхигъэщащ республикэм и Iэтащхьэм. - Нобэ цIыхухэр фэ къыфщогугъ нэхъыфIыжу фылэжьэну, унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм фи зэфIэкIхэм щыхэвгъэхъуэну икIи, псом япэрауэ, ар щысхьрабгъу имыIэу щIэпхъаджагъэм ебэныныр, террориэмэм, наркотиккIэ сату щIыным, Iэпхъуэшапхъуэ хабзэхэр къызэпыудыным тIкIийуэ япэщIэтыныр, гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныр. Жыджэру икIи зэпымыууэ къызэпыудын хуейщ экстремизмэм ехьэлIа Iуэхухэри. Абы и сыт хуэдэ щытыкIэри теплъэри дзыхьщIыгъуэджэщ къэралым и зэкъуэтыныгъэм, конституцэ хабзэхэмрэ цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ я дежкIэ. Шэч къытесхьэркъым, фи Iэзагъэр, фызыпэрыт лэжьыгъэм фIыуэ зэрыхэфщIыкIыр къэвгъэщхьэпэурэ, фи пащхьэ къиувэ къалэнхэу мыхьэнэшхуэ зиIэхэр икIи жэуаплыныгъэ зыпылъхэр фэ адэкIи щIыхь пылъу зэрывгъэзэщIэнум, цIыхухэм, жылагъуэм, къэралым я сэбэп зыхэлъхэм купщIафIэу фазэрыхуэлэжьэнум.

АдэкIэ министерствэм и къудамэхэм я лэжьакIуэхэм зыхуагъэзащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ **Крючков Вячеслав**, хьэщIэхэм икIи IэнатIэм, къэралым я дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэм иратыжащ. Зэхуэсым къыхузэрагъэпэщат махуэшхуэ концерт дахи.

Сымаджэхэм ядоIэпыкъу

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ комитетым хэтхэр и гъусэу иджыблагъэ щыIащ республикэ клиникэ сымаджэщым (РКБ). Абы лэжьыгъэр зэрыщызэтеубламрэ лъынтхуэ центрым и ехъулIэныгъэхэмрэ депутатхэм зыщагъэгъуэзащ.

КЪЫЗЫТЕКIУХЬА Iуэхум и щхьэусыгъуэм и гугъу щищIым, Егоровэ Татьянэ жиIащ: «Мыхьэнэшхуэ зиIэ мы Iуэхум депутатхэр дытепсэлъыхьын ипэ, тфIэкъабылщ цIыхухэм зэрадэIэпыкъу щIыкIэр ди нэкIэ зэдгъэлъагъуныр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, гу-лъынтхуэ узыфэхэращ - инсультхэмрэ инфарктхэмрэ - цIыхур зэрылIыкIым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр. Сымаджэр къыщызэIыхьам деж, ар икIэщIыпIэкIэ медицинэ IуэхущIапIэм нэгъэсын, илажьэр псынщIэу къэхутэн, дохутырхэр асыхьэту дэIэпыкъун хуейщ. Абыхэм куэдкIэ елъытащ зи гугъу тщIа узыфэхэм цIыхур текIуэныр, хъужыныр. Республикэ клиникэ сымаджэщым апхуэдэ лэжьыгъэ щызэтеублащ, узыфэ хьэлъэхэм цIыхур къыщIэхыным, иужькIэ и узыншагъэр егъэфIэкIуэжыным гулъытэшхуэ щыхуащIу. УзыгъэгуфIэщ республикэм кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыщыхъур гу-лъынтхуэ узыфэхэм илIыкIхэм я бжыгъэр. Ар и фIыгъэу къыщIэкIынщ иджырей Iэмэпсымэхэмрэ Iэмалхэмрэ сымаджэщым щыIэ зэрыхъуам».

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым къыхигъэщащ IуэхущIапIэм щалъэгъуа лэжьыгъэм арэзы укъызэрищIыр, уеблэмэ узыщымыгугъауэ къызэрыщIэкIыр. Депутатхэр щыгъуазэ хъуащ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр зэрырат щIыкIэм, сымаджэхэр зыхуей хуззэу сыт и лъэныкъуэкIи къызэрызэгъэпэщам, дохутырхэр зэрылажьэ Iэмэпсымэхэм.

- Нобэ щыгъуазэ дыхъуащ ди къарукIэ тхузэфIэкIынумрэ адэкIэ дызэрыкIуэтэн хуеймрэ. Медицинэ лэжьакIуэхэм я Iэзагъымрэ иджырей мардэхэр къызэрагъэIурыщIэмрэ фIым ущегъэгугъ. Республикэм медицинэм зыщиужьыным къару псори хуэунэтIащ, КъБР-м и Парламентри хабзэ и лъэныкъуэкIэ сыт щыгъуи дэIэпыкъуэгъу дыхъуфынущ, - дыщIигъуащ Егоровэм.

Депутатхэм зрагъэлъэгъуащ мы IуэхущIапIэм сымаджэр къащыIэрыхьэм щегъэжьауэ хуащIэфыр. Сымаджэхэр зэкIуалIэ къудамэр щыуэ гуэшащ: щхъуантIэу, гъуэжьу, плъыжьу. Япэм Iухьэ хъунущ дэIэпыкъуэгъу зэрыхуэныкъуэр езыр-езыру жызIэфынухэр. Абдеж щыIэщ регистратурэр, дохутырым ущежьэ хъуну, сымаджэм щеплъ пэшхэр. ГъуэжькIэ къэгъэлъэгъуа къудамэм деж къыIуашэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэкIэ къагъэсахэр. УЗИ, рентген, компьютер томографие щащI пэшхэмкIэ ар къызэгъэпэщащ. Плъыжь плъыфэр зыхухэхар сымаджэ хьэлъэхэращ. Мыбдеж щыIэщ интенсивнэ терапием и палатэр, гъуэлъыпIипщI зыщIэтыр.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам жиIащ апхуэдэ Iэмалхэм я фIыгъэкIэ сымаджэхэм нэхъ псынщIэу зэрадэIэпыкъуфыр. Къызэрыхагъэщамкlэ, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр къэралым япэу щызыубзыхуар ди республикэращ.

Депутатхэр Лъынтхуэ центрым и къудамэми щыIащ. Егоровэ Татьянэ РКБ-м и лэжьакIуэхэми сымаджэхэми епсэлъащ, гугъуехь яIэхэм щIэупщIащ.

Республикэ лъынтхуэ центрым и унафэщI Къуэжей Заурбэч тепсэлъыхьащ щхьэкуцIым лъыр зэрыдэкIуеймщыщIэныгъэ зэриIэр къызэрахутэмрэ асыхьэту дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъуф Iэмалхэмрэ. Абы зэрыжиIамкIэ, узыфэр къэпщытэным хуэгъэзауэ егъэкIуэкIыпхъэ псори дакъикъэ 35-м къахутэ, а Iуэхум хухэха сыхьэтым и пIэкIэ.

Депутатхэр щагъэгъуэзащ рентгенэндоваскулярнэ хирургием щIыналъэм зэрызыщрагъэужьми.

Зэхуэсым и кIэухым Егоровэ Татьянэ медицинэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, цIыхухэм я узыншагъэр я гуащIэ емыблэжу зэрахъумэм папщIэ. Ар дэтхэнэми ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэ иIэну.

АдэкIэ мы Iуэхум КъБР-м и Парламентым щэкIуэгъуэм и 25-м щытепсэлъыхьынущ, республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэр хэту.

Жьы хъуахэмрэ зи къарум къимыхьхэмрэ зэрызыщIагъакъуэр

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и зэIущIэ иджыблагъэ екIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ зи къарум къимыхьхэмрэ щIыналъэм зэрызыщыщIагъакъуэм.

ЗэIущIэм хэтащ республикэм и хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ ДыщэкI Мадинэ, депутатхэр, социальнэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр.

Я нэIэм зэрыщIэт щIыкIэр

Егоровэ Татьянэ къаIэта Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхигъэщу жиIащ жьы хъуахэмрэ зи къарум къимыхьхэмрэ зэпымыууэ якIэлъыплъыныр къызэрызэрагъэпэщыр къэралыр апхуэдэхэм зэрадэIэпыкъум щIэуэ къыхыхьахэм зэрыщыщыр.

- Мы Iуэхум и фIыгъэкIэ цIыхур и унэ щIэсу медицинэ дэIэпыкъуныгъэ егъуэт. Ар щIэгъэкъуэн яхуохъу сымаджэ зезыхьэхэми. Апхуэдэ щIыкIэкIэ абыхэм зыхащIэ къэралым закъызэрыщIигъакъуэр, дэIэпыкъуэгъуншэ ахэр зэрымыхъунур. ГущIэгъурэ цIыхугъэрэ цIыхухэм я зэхуаку дэлъынми теухуауи къалэн пыухыкIа егъэзащIэ, - къыхигъэщащ Егоровэм.

Апхуэдэуи ар къытеувыIащ гугъуехь зыпылъ Iуэхугъуэ зыбжанэм. «Зэпымыууэ зыкIэлъыплъын хуейхэр зэкIэ иджыри нэхъыбэщ, IуэхутхьэбзэкIэ къытхузэгъэпэщым нэхърэ. Мы дэIэпыкъуныгъэр «Демография» лъэпкъ Iуэхум хыхьэу ягъэзащIэми, языныкъуэхэр федеральнэ хабзэкIэ щIэгъэбыдауэ щыткъым», - жиIащ абы.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым жиIащ шэч къызэрытримыхьэр зэIущIэм хэтхэм а гугъуехьхэм я хэкIыпIэхэм быдэу зэрегупсысынум.

Япэ ехъулIэныгъэхэр

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Тогузаев ТIэхьир жиIащ республикэм щIыналъэ центрхэр зэрыщылажьэр, цIыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэхэр ягъэбелджылын папщIэ IэщIагъэлIхэр абыхэм я деж зэрыкIуэр. Къэпщытэныгъэхэм яужь, дэтхэнэми хуащIэну IуэхутхьэбзэхэрхуагъэбелджылыI. Зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэм елъытауэ, тхьэмахуэм махуитхум къыщыщIэдзауэ махуиблым нэс пщIэншэу ар къызэрагъэпэщ (сыхьэт 14 - 28-рэ).

Унэм щыхуащIэ IуэхутхьэбзэхэрлIэужьыгъуэ 50-кIэ зэщхьэщокI. Ахэр къызэрагъэпэщын щхьэкIэ, Социальнэ Iуэхутхьэбзэр щыхуащIэ республикэ IуэхущIапIэм дэIэпыкъуэгъу 210-рэ кънщтащ (150-м щIигъур я Iыхьлыхэм кIэлъыплъу). УзыншагъэмкIэ дэIэпыкъуэгъум и улахуэр ику иту сом 27 483-рэ мэхъу. Ахэр псори япэщIыкIэ ирагъаджэ, «Призвание» медицинэ колледжым зэхигъэува программэ щхьэхуэмкIэ.

Мы лэжьыгъэр зэкIэ щIыпIихым щагъэзащIэу аращ: Май, Тэрч, Шэрэдж, Бахъсэн районхэмрэ, Налшык, Прохладнэ къалэхэмрэ. Зэпымыууэ я нэIэм щIэтхэр цIыху 228-рэ мэхъу. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2025 гъэм зэрыщIидзэрэ республикэм и цIыху 254-м ядэIэпыкъуащ.

Гулъытэ хэха хуащI дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ дзэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеранхэмрэ. Мы гъэм Дзэлыкъуэ районым щыщ щIалитIым пщIэншэу ядоIэпыкъу. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэр щыпсэу щIыпIэм емылъытауэ, Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэнум иужь итщ.

Сэбэпышхуэ хъухэм ящыщщ узыншагъэр зэфIэзыгъэувэж Iэмэпсымэхэр бэджэнду зэратыр. Апхуэдэ пунктхэр районхэми къыщызэIуахащ. Ахэр Iэмэпсымэ 1978-кIэ къызэгъэпэщащ, псоми зэхэту сом мелуан 18-м щIигъу я уасэу. 2025 гъэм цIыху 215-м ахэр къагъэсэбэпащ.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм якIэлъыплъхэм папщIэ районхэм школ щолажьэ, сымаджэм зэрыкIэлъыплъыпхъэм, техникэ Iэмэпсымэхэр къызэрагъэсэбэпым щыхуагъасэу, психолог дэIэпыкъуныгъэ щагъуэту. Илъэсым апхуэдэ школхэм щеджащ цIыху 315-рэ.

IэщIагъэлIхэр щхьэхуэу ягъэхьэзыр. Дызэрыт илъэсым узыншагъэмкIэ дэIэпыкъуэгъу 32-рэ ягъэсащ, цIыхуий «Старость в радость» псапэ фондым щеджащ.

2026 гъэм Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ щIыпIэхэм къыхагъэхъуэнущ. Абыхэм хиубыдэнущ Аруан, Прохладнэ, Шэджэм щIыналъэхэмрэ Бахъсэн къалэ округымрэ. Абы и фIыгъэкIэ зыдэIэпыкъухэр процент 20-кIэ нэхъыбэнущ.

ИрагъэкIуэкI лэжьыгъэм тепсэлъыхьащ Социальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ республикэ центрым и Налшык къалэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Щоджэн Лидие, Май районым щыIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Гусевэ Татьянэ, Шэрэдж щIыналъэм щыIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Ульбашевэ Алинэ сымэ.

Гугъуехьхэмрэ тегъэщIапIэхэмрэ

ЗэIущIэм щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ узыншагъэр езыгъэфIэкIуэж Iэмэпсымэхэр бэджэнду зэрат щIыкIэмрэ нэхъыбэу щIэупщIэ зиIэхэмрэ. КъызэрагъэлъэгъуамкIэ, нэхъыбэрэ цIыхухэр зыхуэныкъуэ хъур коляскэхэмрэ сымаджэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зыгъэтынш гъуэлъыпIэхэмрэщ.

Депутатхэр къытеувыIащ ягъэхьэзыр IэщIагъэлIхэм я бжыгъэм. Тогузаев ТIэхьир зэрыжиIамкIэ, абыхэм я нэхъыбэм я Iыхьлыхэр зэрахьэу аращ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ абыхэм Iэмал ягъуэт я благъэм кIэлъыплъыжынуи улахуэ къыIэрыхьэу лэжьыгъэ IэнатIэ иIэнуи. Гугъуехь нэхъыщхьэр зэпхар хуэныкъуэ псори апхуэдэ IуэхутхьэбзэкIэ мы зэманым къызэрызэрамыгъэпэщыфырщ.

Къыхалъхьэр

Iуэхум теухуауэ я еплъыкIэ къагъэлъэгъуащ КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI Къэжэр Хъусенрэ абы и къуэдзэ Безгодькэ Владимиррэ. Депутатхэм къагъэлъэгъуащ зи гугъу ящI IэнатIэм и лэжьыгъэр зэрырагъэфIэкIуэну Iэмалхэм IэщIагъэлIхэр нэхъ жыджэру елэжьын зэрыхуейр.

ЗэIущIэм и кIэухым КъБР-м и Парламентым и унафэм къыщагъэлъэгъуащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэр адэкIи Iуэхутхьэбзэр цIыху нэхъыбэм зэрылъигъэIэсынум елэжьыну. Ягъэбелджылащ IэщIагъэлIхэр зэрагъэхьэзыр щIыкIэми зегъэужьын, IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэр абы и лъэныкъуэкIэ зэдэгъэлэжьэн, узыншагъэр егъэфIэкIуэжыным хэт волонтёрхэм зыщIагъэкъуэн зэрыхуейр.

Iэмал хъарзынэщ

Президент Путин Владимир и унафэкIэ Урысейм щрагъэкIуэкI «Служение» III урысейпсо щIыналъэ саугъэтыр къэхьыным теухуа зэпеуэ.

САУГЪЭТЫР ягъэуващ 2023 гъэм, ират щIыналъэм и зыужьыныгъэм, абы щыпсэу цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хэлъхьэныгъэ щхьэхуэ хуэзыщIа жылагъуэ лIыкIуэхэм.

Iуэхур къызэригъэпэщащ ЩIыпIэ самоуправленэм зегъэужьынымкIэ урысейпсо зэгухьэныгъэм, УФ-м и Президентым и Администрацэр и дэIэпыкъуэгъуу.

Саугъэтым унэтIыныгъэщIэхэр къыхагъэхьащ - «Дзэ Iуэху хэхам хэтхэр дэIыгъын», «УнэтIакIуэ Iуэхум зегъэужьын».

«Служение» III урысейпсо щIыналъэ саугъэтым папщIэ зэпеуэм щхьэ закъуэуи гупуи ухэт хъунущ. Абы лъэIу тхылъ езыгъэхьахэм я бжыгъэр мин 15-м щIигъуащ.

Муниципальнэ лэжьакIуэхэм я дежкIэ ар Iэмал хъарзынэщ я ехъулIэныгъэхэр къагъэлъэгъуэнымкIэ, адрей хэгъэгухэм я Iуэху зехьэкIэ нэхъыфIхэм зыщагъэгъуэзэнымкIэ.

«Шэч къытесхьэркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыпIэ самоуправленэмкIэ и органхэм я лIыкIуэхэм утыку кърахьэн зэфIэкIхэр зэраIэм икIи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхум Iэмал имыIэу зэрыхэтынум», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ЛъэIу тхылъхэр 2025 гъэм щэкIуэгъуэм и 21 пщIондэ ебгъэхь хъунущ мы сайтымкIэ: премияслужение.рф.

ЗэIущIэхэр

Шэрэдж щIыналъэр ефIакIуэ зэпытщ

Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Шэрэдж щIыналъэм и администрацэм и пашэ Кульбаев Алан. Ахэр тепсэлъыхьащ дызэрыкI илъэсым районым игъуэта зыужьыныгъэм, къэкIуэну зэманым хуаIэ мурадхэмрэ къалэнхэмрэ, лъэпкъ проектхэмрэ федеральнэ программэхэмрэ щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм, нэгъуэщIхэми.

КЪАЛЭХЭР зыхуей хуэгъэзэным ехьэлIа федеральнэ проектым къриубыдэу Къэщкъэтау, Жэмтхьэлэ, Бабугент, Жэмтхьэлэ Ипщэ, Джэрпэджэж жылэхэм я жылагъуэ зыгъэпсэхупIэхэр зэпэщ ящIащ. Апхуэдэу Зэрэгъыж къуажэм и автомобиль гъуэгум щыщ Iыхьэшхуэ зэрагъэпэщыжащ, гъуэгухэм зегъэужьыным хуэгъэпса республикэ къэрал программэр и тегъэщIапIэу.

«Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» программэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэр и лъабжьэу Къарэ Су - Бабугент - Къэщкъэтау жылэхэм кIуэцIрыкIыу псы бжьамиищIэхэр далъхьэ, километр 12,7-рэ и кIыхьагъыу. Абы и фIыгъэкIэ Бабугент, Къэщкъэтау, Аушыджэр къуажэхэр зэпыу имыIэу псыкIэ къызэгъэпэща хъунущ. А программэ дыдэм тету нэхъапэIуэкIэ яухуауэ щытащ километри 10 зи кIыхьагъ Сатушыр - Аушыджэр псы бжьамийр. Псы зэрыкIуэ бжьамийхэр зыхуей щыхуагъазэ Балъкъэр Ипщэ, Жэмтхьэлэ жылэхэми. Къэщкъэтау, Бабугент, Зэрэгъыж, Жэмтхьэлэ къуажэхэм дэт курыт школхэр нэсу, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ. Апхуэдэу зэIузэпэщ ящIащ еджапIэхэм къедза щIыпIэхэри. Къинэмыщlауэ, Жэмтхьэлэ жылэм дэт амбулаторэм мы зэманым щокIуэкI ухуэныгъэ-зэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр. Абыхэм я лъабжьэщ а унэтIыныгъэм епха щIыналъэ программэр.

ЗэIущIэм щекIуэкIа псалъэмакъым къызэрыхэщамкIэ, къэкIуэну илъэсым Шэрэдж щIыналъэм лэжьыгъэ щхьэпэ куэд щызэфIахынущ. Апхуэдэхэщ, къэпщтэмэ, Джэрпэджэжрэ Балъкъэр Ипщэмрэ дэт курыт школхэр зыхуей зэрыхуагъэзэнур, Безенги жылэм иджырей мардэхэм хуэкIуэ, бжыгъэр зи лъабжьэ технологиехэр зи тегъэщIапIэ, зэпсэлъапIэхэр, зэхуэсыпIэхэр зыхэт тхылъ библиотекэ къызэрыщызэрагъэпэщынур, нэгъуэщIхэри.

Безенги, Аушыджэр, Къэщкъэтау щIыпIэхэм щыIэ цIыху зэхуэсыпIэхэр, утыкухэр зэпэщ ящIынущ. Районым и жылэ нэхъыщхьэмрэ Джэрпэджэжрэ кIуэцIрыкI автомобиль гъуэгухэми зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ.

Мэремкъул Ларисэ:

● ДифI догъэлъапIэ

Тхэн щIэзыдза щIалэгъуалэр егъэджэн, ядэIэпыкъун хуейщ

УФ-м и ТхакIуэхэми Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ, зэдзэкIакIуэ, радиожурналист Мэремкъул Ларисэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу.

- Ларисэ, бзэр фIыуэ умыщIэу, умылъагъуу, художественнэ литературэм удимыхьэхыу, зэдзэкIакIуэ ухъунутэкъым, дауи. А IэщIагъэм дауэ ухуэкIуа?

- Литературэм дыкъызэралъхурэ дыщIапIыкIащ. ДызэрыцIыкIурэ си адэ-анэри унэм щIэсу хъуа псори тхылъырэ газетрэ тIэщIэлъу дыкъекIуэкIащ. Си адэр апхуэдизкIэ щIэщIауэ лажьэрти, кIыфIу пщэдджыжьым дэкIырти, жэщыбграт къыщыдыхьэжыр. ИтIани, ар тхылъырэ газетрэ емыджэу гъуэлъыжынутэкъым. И тхылъхэр къыIэщIэкIа нэужь, щэху дыдэу къатщтэурэ деджэрт.

Горькэм и цIэр зезыхьэ Литинститутым сыщIэтIысхьэну мурад щысщIам епщIанэ классым сыщIэст. СыщыщIэупщIэм, илъэситIкIэ умылэжьауэ абы уамыгъэкIуэххэу къыщIэкIащ. Си адэм «нэгъуэщI зыгуэр къыхэх-тIэ, илъэситIкIэ сыт пщIэнур» щыжиIэм, «хьэуэм» сыхутекIакъым. Арати, си адэр ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу щыта ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и деж кIуэри, зригъэцIыхуащ, Iуэхур зытетым щIэупщIащ. А гъэм зэдзэкIакIуэ гуп Москва еджакIуэ зэрагъакIуэр, стаж жаIэу апхуэдэу зэрыхамыгъэзыхьыр, хуеймэ, абы сызэрыхагъэхьэнур къыжриIащ.

Абы щыгъуэм бэлыхьу усэ стхыуэ къысщыхъужырт. Прозэр сигу къэкIыххэтэкъым. Институтым зэрагъакIуэ зэпеуэм срихэтыну сатыр щибл урысыбзэм исхыу адыгэбзэм, сатыр щибл адыгэбзэм исхыу урысыбзэм зэман кIэщIкIэ къизгъэзэгъэн хуейт. Си анэм тыкуэным усэ тхылъу щIэлъу хъуар къыщIещэхукIри къехь. СотIысри, сатыр щиблри бзитIымкIи согъэхьэзыр. Школымрэ къуажэ советымрэ зэрыщытрадзэ машинкэхэр къехь, си анэмрэ сэрэ псори IэкIэ тыдодзэри идогъэхь. СогъэщIагъуэ сызэрыкIуэцIрыкIар. Iэдэм къысщытхъури, гупым сыхигъэхьауэ щытащ, зыгуэр къыхэкIынущ, жиIэри.

- ЗэбдзэкIа художественнэ тхыгъэхэр къыщIыхэпхам укъытхутепсэлъыхьамэ арат.

- Институтыр къэдуха нэужь, ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэр къыддэIэпыкъуащ. Япэ дыдэ радиом практикэ сыщыIат еплIанэ курс нэужьым. СыкъэкIуэжри, телевиденэм сабий, щIалэгъуалэ нэтынхэр згъэхьэзыру сыщылэжьащ. ИужькIэ сабий, унагъуэ жысIэурэ къуажэм дыдэсын хуей хъури, газетым тIэкIу сыщылэжьащ. Абы щыгъуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм къуажэм накIуэри къызжиIат «Нур» сабий журналыр къызэрызэIуахыр икIи абы сылэжьэну сригъэблэгъат. Ауэ Iэмал сиIэтэкъым: сабийхэр цIыкIут, гуащэ-тхьэмадэ сиIэтэкъыми, сыдэIэпыкъуэгъуншэт. Апхуэдэу щыхъум, езым ейми-имейми подстрочникми, зэдзэкIын хуеймэ, Iэдэм накIуэрт е машинэкIэ нысхуигъашэрти, зеи лэжьыгъэншэ сыхъуакъым. Си закъуэтэкъым - къыздеджа псоми апхуэдэ гулъытэ хуащIырт. Мис апхуэдэу щIалэгъуалэм мы зэманым дадэIэпыкъуну сыхуейт. Иджыпсту Iэджэм зыгуэрхэр ятх, тыншу сыт хуэдэ тхылъ цIыкIури ахъшэкIэ къахудогъэкI, интернетымкъралъхьэми мэхъу. Ауэ усакIуэ, тхакIуэ къызыхэкIынум уелIэлIэн хуейщ. НэгъуэщIу хъунукъым.

Уи упщIэм нэхъ пыухыкIауэ жэуап ептмэ, япэ дыдэу зи цIэ къисIуэнур КIыщокъуэ Алим и «Лъапсэращ». КIыщокъуэм и тхыгъэр къыщызатам, езыр дунейм ехыжат. Тхьэгъэзит Юрэрэ Гъут Iэдэмрэ Алим и тхыгъэр зэздзэкIыну къызэрысхуагъэфэщар си фIэщ хъуртэкъым. «Лъапсэр» тIэу къыдэкIащ. КIыщокъуэм зэрамыдзэкIауэ «Нэгъуху» («Куриная слепота») повестыр иIэти, ар зэздзэкIри ди журналым къытехуауэ щытащ. Мы гъэм Урысейм я ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм зэдзэкIакIуэхэм папщIэ къызэригъэпэща «От края до края» зэпеуэм япэ увыпIэр къыщихьащ а повестым. Лъэпкъ литературэхэм гулъытэшхуэ хуащIу щIадзэжащ иджыпсту.

Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэм» и еплIанэ тхылъым гугъу сыдехьащ. Ар къыдэмыкI щIыкIэ зэ ягъэкIуэдри, аргуэру зэ зэздзэкIыжын хуей хъуащ. Лэжьыгъэр хьэзыр хъуа нэужьи илъэс 20-кIэ дунейм къытехьатэкъым. А тхылъыр мы гъэм къыдагъэкIащ. КIуэдыкIейуэ дунейм ехыжа Къанкъул Заур къыщIэна тхыгъэхэм ящыщу къытIэрыхьа зы повестрэ Iуэтэжитхурэ зэздзэкIащ. Абы и тхылъри тIэу къыдэкIыжащ. Къэрмокъуэ Мухьэмэд куэдрэ сыдэлэжьащ. IутIыж Борис и IэдакъэщIэкIхэр, и пьесэхэр зыхэслъхьэ щымыIэу сфIэфIт. Япэ дыдэу Борис и тхыгъэхэм ящыщу зэздзэкIар «Кхъужьеибэ» пьесэрщ. И новеллэхэр псори урысыбзэм къизгъэзэгъащ. Борис жесIат и усэхэмрэ и гушыIэхэмрэ зеи зызэрезмыпщытыфынур. СызыдэмылэжьаIа щIагъуэ ди тхакIуэхэм яхэткъым. Хуэфащэ гулъытэ зымыгъуэтахэм ящыщщ тхакIуэ лъэщ КIэраф Мухьэмэд. И ныбжьыр илъэс хыщIым щхьэдэхауэ «Iуащхьэмахуэ» журналым и зы повесть ихьауэ къацIыхуауэ щытащ ар. АпхуэдизкIэ ар Iэзэти, Елгъэр Кашиф абы щыгъуэ жриIат итха псори журналым традзэну зэрыхьэзырыр. И къуэрылъхум абы и «ЛIыжь хъыбархэр» къысхуихьри зэздзэкIащ. Ар иджыри дунейм къызэрытемыхьар сигу къоуэ. Елгъэр Кашиф иужь дыдэу итха «Си лъэпкъ мащIэу си псэм хуэзгъадэ» автобиографие романыр зэздзэкIащ. Селэжьащ Нало Ахьмэдхъан и повестым.

- ЗэдзэкIакIуэхэм я школыр къызэбгъэпэщыным сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуар?

- Iэмалыншагъэм къыхэсха хъуащ ар. НэгъуэщI зэдзэкIакIуэхэри щыIэщ, ауэ мы IэщIагъэм ирилажьэр мащIэщ. Зэгъусэу дызэдеджахэм нэгъуэщI IэщIагъэ къыхахащ, си жагъуэ зэрыхъущи. Бзэ лъэщ, щабэ, дахэ зыIурылъ Уэрэзей Афлик тхакIуэти, куэди зэридзэкIащ. Мэржэхъу Мухьэмэд къыддеджащ (Адыгэ Тенджыз псевдонимыр зыфIэзыщыжар). Ар прозаикти прозаикыу къэнэжащ. Ари икъукIэ зэфIэкI зыбгъэдэлът. Алъхъэс Светланэ щIэныгъэм зритащ, литературэми пыщIащ, ауэ зэдзэкIакIуэкъым. Битокъу Вячеслави усакIуэ лъэщщ, и усэхэр къызэрыдэмыкIыр сигу къоуэ. Шэрджэсым щыщхэу Нэхущ Мухьэмэдрэ Зэубыд Ахьмэдрэ къыддеджащ. Нэхущыр дунейм ехыжащ. Ахьмэд зэдзэкIакIуэу зэхэсхыркъым.

Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкарёвэ Наталье сабийхэм ядолажьэ. Гъэ къэс зэдзэкIакIуэхэм папщIэ абы къызэригъэпэщ зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым сыхэтщ. Абы къекIуалIэхэм сахэплъэурэ узыдэлажьэ хъунухэр къахызош. Апхуэдэу къесшэлIахэм ящыщщ Лыкъуэжь Залинэ, Джыназ Заремэ, ТIаз ФатIимэ, Ахидовэ Зинаидэ, Мэлей ФатIимэ сымэ. ЗэдзэкIакIуэ IэщIагъэр фIыуэ езгъэлъагъуну сыхуейщ. Литинститутым зэдзэкIакIуэ гуп щрагъэджэну мы гъэм къащтэнущи, ягъэкIуэну гупыр згъэхьэзырынут, ауэ къысхуешалIэркъым, пщIэншэу етIуанэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ иратынуми.

- Радиом и унафэщI къалэным илъэс куэдкIэ упэрытащ, радио, газет, телевиденэ жыпIэми журналист лэжьыгъэри пфIэфIу зэрепхьэкIар гурыIуэгъуэщ. А IэнатIэхэм уахэдэу радиор къыщIыхэпхыжам сыт и щхьэусыгъуэр?

- Телевиденэмрэ газетымрэ куэд япыщIащ. Радиом нэтыным и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэс си закъуэ согъэхьэзыр. Апхуэдэу сызэрыщхьэхуитыр нэхъ сфIэтыншщ. Псом хуэмыдэу зыхэслъхьэ щыIэкъым эфирым занщIэу кIуэ нэтынхэр. Абыхэм сфIэгъэщIэгъуэн цIыхухэр зэпымыууэ къесшэлIащ, Темыркъан зэкъуэшхэу Юрэрэ Борисрэ, Полунин Вячеслав, ХьэIупэ ДжэбрэIил жыпIэми. Зы унагъуэшхуэм хуэдэу дызэгурыIуэу ди гупыр дызэдолажьэ.

- КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ къалэным упэрыувагъащIэщи, уи мурадхэр сфIэгъэщIэгъуэнщ.

- ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу хахащ щIалэщIэ Бейтуганов Исмэхьил. ЩIалэгъуэр фIыщ. Абы Iэджэ ягу илъщ икIи яхузэфIокI. Дэ нэхъыжьхэр дычэнджэщэху, Iуэхум дытепсэлъыхьыху, ахэр макIуэри зэфIагъэкI. ГукъэкI дахэ куэд иIэщи, ахэр зэрысхузэфIэкIкIэ дызоIыгъ. ЗэрыхъукIэ тIури дызэдоIэпыкъу. Къэралым и Президентым и унафэкIэ зэхагъэхьэжащ УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэри щIыналъэ зэгухьэныгъэхэри. ЗэрыжаIэщи, узэкъуэтмэ улъэщщ. ЩэнхабзэмкIэ министерствэм депхащи, зэрыхъукIэ зыкъытщIегъакъуэ, ари куэд и уасэщ!

Епсэлъар **ТЕКIУЖЬ Заретэщ**.

Зы лъэбакъуэкIэ япэ уитмэ

ЦIыху гъащIэр къызэрымыкIуэу кIэщIщ. ФIыуэ плъагъур уи гъащIэм щыхэкIыжыр гуауэу зыхыбощIэ, ар хэмыту адэкIэ бгъэкIуэну илъэсхэр уи нэгу къыпхущIэмыгъэхьэу гузэвэгъуэм узэщIеIулIэ. Ауэ цIыхум хуэмыгъэвын и фэм дэкIыркъыми, КъэзыгъэщIам и пащхьэ ихьэжа цIыхум и пIэм щIэуэ дунейм къытехьэр йоувэ, гуауэр зыгъэупщIыIу къэхъугъэхэм хелъэсэж. ЦIыхум фIэкIуэдахэм я фэеплъыр гум къызэринэрагъэнщ абы адэкIэ псэуну гукъыдэж къезытыр, япэ ищам и хьэтырырагъэнщ къэнам яхэмыкIыжу къахэзынэр.

● Щэнхабзэ

ГЪАЩIЭМ апхуэдизкIэ къэхъугъэ куэд щызэблокIри, я гъунэ-зэпылъыпIэхэр щыпхузэхэмыгъэкIыр нэхъыбэщ. Сыт фIыкIэ узэджэнур, абы ер бгъурыту къакIуэмэ? Сыт гуауэу къэплъытэнур, абы гуфIэгъуэр и гъусэмэ? А гупсысэхэр цIыхухэм зэрамыгъэзэхуауэ пхужыIэнукъым е мыхъу фIы хъужыркъым, щыжаIакIэ, гуауэри гуфIэгъуэри зэIэпэгъуу я фIэщ щыхъуакIэ. Мы дуней зэхэзэрыхьам апхуэдизкIэ цIыхум и щхьэр кърихьэкIыу къигъэнащи, зэ къызэтеувыIэу и щыIэныгъэм егупсысыну къыхудэхуэр къызэрымыкIуэу зэман мащIэ дыдэщ. Зыгуэрым хэкIыж фIэкIа умыщIэну, IэфIагъымрэ гуапагъымрэ зыIэщIагъэхурэ, дауэ мыхъуми, сызыхуейр зыIэрызгъэхьэнщ, жаIэу егъэрыкIуэхэр мащIэкъым. Ауэ укъыщIызэтеувыIэн хуей щхьэусыгъуэхэр щыIэщ. ЩыIэщ куэду. Дэзышэх жыгищэ егъэтIыс, жаIэ. ЩIэблэм къыхуэнэну дунейр зыхуэдэнур зыкъомкIэ дэ зэрыдэлъытар зыдэтщIэжу дыпсэунур хьэкъщ. А хьэкъыр зымащIэкIэ тхуэгъэзэщIауэ къытщыхъумэ, дызытет дунейр иджыри бжьиз мынэхъ мащIэкIэ ипэкIэ зэрыкIуэтэнум шэч къытумыхьэжми хъунущ. Пэжщ, нэщхъеягъуэм нэщхъыфIагъэр дыгъэу къыхукъуокIыж, мыхъумыщIагъэри къыщIэщу фIагъыр щытекIуэжри нэхъыбэрэщ. Апхуэдэ щытыкIэм цIыхур ипсыхьу аращи, щыIэныгъэм и лъэныкъуитIри къызэдэтщтэмэ, адыгэ цIыхум ижьымкIэ ихьыр сэмэгумкIэ къыщигъанэм тригъакIуэмэ, зытIэтыфынущ, дыщIэгугъэ хъунухэри нэхъыбэ хъунущ.

Налшык къалэм дэт НыбжьыщIэ театрым «Зы лъэбакъуэ» фIэщыгъэр зиIэ гъэлъэгъуэныгъэр иджыблагъэ щекIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь Тату Казбек, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Къуэшырокъуэ Залым, КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ пэхуэщIэхэмкIэ и министр КIурашын Анзор, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, Экстремизмэм пэщIэтынымкIэ центрым и унафэщI, полицэм и подполковник Табыхъу Анзор сымэ. КъулыкъущIэхэр Iуэхум къызэрырихьэлIам абы и мыхьэнэр ин ищIащ, театр зэхуэсыгъуэм и пщIэр къиIэтащ.

АпхуэдизкIэ гущIэ лъапсэм итIысхьэу ныбжьыщIэхэм а пщыхьэщхьэм утыкум зыщагъэлъэгъуати, абы еплъахэм Iэнкун мыхъуа, гупсысэ зэмылIэужьыгъуэхэм химылъэса, имыгъэнэщхъея яхэтауэ къыщIэкIынукъым. Театреплъхэр зэщIэзыубыдар джэгуакIуэхэм я утыку итыкIэм и закъуэкъым, атIэ ар зытеухуа Iуэхугъуэм и къэIуэтэкIэ-къызэкIуэцIыхыкIэми зыIэпишащ, теплъэгъуэр зытеухуа Iуэхугъуэр лъэныкъуэ куэдкIэ къызэрызэпкърыкIми итхьэкъуащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм курых хуэхъур зы щIалэщIэм и гъащIэр къызэрызэтекъутэрщ, дуней тетыкIэм ехьэлIауэ щыIэ Iуэху еплъыкIэ мыхъумыщIэхэм я жьауэм щIэхуэу, гъуэгу пхэнж зэрытеувэрщ. Абы зыдищIэжыркъым фIыуэ илъагъухэм япэIэщIэ зэрыхъур, илъагъужыркъым и щхьи, и пси IэщIэмылъыжу щхьэхуимыт зэрыхъур, аркъудей гу лъитэркъым кIуэдыпIэм зэрекIуалIэр. И щхьэм кърalъхьа гупсысэ пхэнжхэм цIыху сэфэтым зэрырашыр, езым зритыж хуитыныгъэхэм хуэдэ нэгъуэщIхэми яIэну хуейуэ аркъудей къызыфIэмыщIыж щIалэр зытеувэ гъуэгур цIыхугъэр зыкъутэ къудейкъым, атIэ дуней нэхум кIыфIыгъэр тез зыщI кIуапIэщ... Дауэ щIалэщIэр кIуэдыпIэм къызэрикIынур, дапхуэдэу пэжымрэ нэхумрэ я деж къызэригъэзэжынур?.. УзыпэщIэувам е уебгъэрыкIуэнущ, е уекIужынущ, ауэ сыт хуэдэ уасэ абы щIэптынур? Гузэвэгъуэм и IэуэлъауэрI гум зы меданкIэ щымыужьыхыу екIуэкIа теплъэгъуэм а упщIэхэм я жэуапт къилъыхъуэр, икIи, ипэжыпIэкIэ жыпIэмэ, пэшышхуэм щIэсахэм ар къэгъуэтауэ къыщIэкIынут, апхуэдизкIэ теумэзэхауэ екIуэкIым хилъэсати.

«Узыншагъэр лъэщыгъэщ» фIэщыгъэр иIэу спекаклхэм я сценарийр зэхэгъэувэнымкIэ екIуэкIа Хэгъэгупсо зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIа теплъэгъуэр зыгъэувар Овдиенкэ Юлэщ. Абы къиIэта Iуэхугъуэми лъабжьэ хуищIар щIалэгъуалэр зыгъэунэхъу гупсысэхэм япэIэщIэ хуэщIын, ахэр къызыхэкI щхьэусыгъуэхэм япэщIэтын зэрыхуейрщ. Утыкум кърахьа теплъэгъуэми гукIэ узришэлIэжыр Налшык къалэм 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м къыщыхъуа гузэвэгъуэрщ.

Теплъэгъуэм и режиссер Овдиенкэ Юлэ псалъэпэр щратым, зыпэплъэхэмрэ зыщыгугъхэмрэ я гугъу ищIащ:

- Фи фIэщ фщIы, зыгуэри дгъэсэну, зыгуэрми деущиеу гъэсэпэтхыдэ щIэдгъэдэIуну дыхэмыта. Дэ къэдгъэлъэгъуэну дызыхуеяр къытлъыкъуэкIынкIэ хъуну шынагъэракъым, атIэ ар пэж дыдэу къызэрыхъуным и гузэвэгъуэр къызэрытщхьэщыхьар зыхывэдгъэщIэну дыхущIэкъуауэ аращ. Мыхьэнэ лъэпкъ зимыIэ Iуэху жьгъейхэм, кIуэрыкIуэм тету къэхъу зэрыцIыхуныгъэхэм, псынщIэ дыдэу удэзыхьэх фIэщхъуныгъэ нэпцIхэм я ягъэкIэ цIыхур тынш дыдэу щIэпхъаджащIэ зэрыхъунум федгъэгупсысыну дыхэтауэ аращ. Сэ быдэу си фIэщ мэхъу утыку къитхьэ теплъэгъуэм гупсысэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрыфхуигъэушынур, дэтхэнэми тчы зы лъэбакъуэм мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэм фыкъыхуишэну.

Гъэлъэгъуэныгъэр зэфIэкIа нэужь, щIалэгъуалэм псалъэкIэ захуэзыгъэза Тату Казбек къыхигъэщащ зэплъар и гум зэрыщIыхьар, къекIуэкI Iуэхугъуэхэм лъэныкъуэкIэ куэдкIэ зэрыхигъэплъар.

– Дызэплъа теплъэгъуэр къызэрымыкIуэу лъэщу зэхэгъэуващ, и купщIэр нэсу къэIуэта хъуауэ къызолъытэ. 2005 гъэм къэхъуа щIэщхъу бзаджэр илъэс 20 ирикъуащ. БлэкIар уи нэгу къыщыщIэбгъэувэжкIэ, «Зы лъэбакъуэ» спектаклым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы къыджиIэ хуэдэщ цIыху гъащIэр зэрыкIэщIыр, мамырыгъэр зэрымахэр. БлэкIам дерс къыхэтхыныр, ар къытщIэувэ щIэблэм ябгъэдэтлъхьэныр ди къалэнщ. Си фIэщу жызоIэ мы теплъэгъуэр акъылкIэ зэпэшэча, гупсысэкIэ зэгъэзэхуа, псэлъэкIэ зэпэщкIэ зэхэлъхьа дерс зэрыхъунур, ди щIалэгъуалэм зэрызэхащIыкIын IэмалкIэ къэIэта хъуауэ. Дызэкъуэтмэ, дылъэщщ. Iэмал зэриIэкIэ, мыхъумыщIагъэмрэ щIэпхъаджагъэмрэ зэгъусэу дапэщIэвгъэт, – жиIащ Татум.

«Зы лъэбакъуэ» спектаклым къыдгурегъаIуэ цIыху гъащIэми мамырыгъэми я уасэр зыхуэдизыр, тчы лъэбакъуэм куэд зэрелъытар. Теплъэгъуэм къыщыгъэлъэгъуа тхыдэ хъыбарыр дэтхэнэми зэхихын хуейуэ къыдолъытэ, 2005 гъэм къэхъуа гуауэм къытримыгъэзэжын папщIэ.

ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.

ЩIэиныр яхъумэ

Совет Союзым и лъэхъэнэм Налшык зыгъэпсэхупIэм щаухуауэ щытащ сабийхэм я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж лагерь. Ар КъБАССР-м псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэтт. Аращ къызытехъукIари абы иIа «Коммунальник» фIэщыгъэри.

ЛАГЕРЫМ и шхапIэ пэшым и блыныр панно телъыджэкIэ гъэщIэрэщIат. Шэч хэлъкъым а теплъэгъуэр абы зыщызыгъэпсэхуа дэтхэнэ зы сабийми и нэгу къызэрыщIэнам. Абы и инагъыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым: сурэтыр зытещIыхьар пхъэбгъу 36-уэ зэхэтщ икIи шхапIэм и блынитIым фIэдзащ. Метр зыбжанэ зыубыд сурэтым гъэщIэгъуэн куэд иплъэгъуэнущ: пионерхэр, дыгъэр, лэгъупыкъур, пшэр, бгыхэр, тхьэрыкъуэ хужьхэр – ахэр псори и нэщэнэщ сабиигъуэ насыпыфIэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм и дахагъым, уафэ къащхъуэ мамырым.

2008 гъэ лъандэрэ «Коммунальник» лагерыр лэжьэжыркъым, и унэри бгынэжауэ щытащ. Апхуэдэу къекIуэкIами, пхъэбгъу зыбжанэ къыкIэрыхуауэ унэ лъэгум зэрыщылъам къищынэмыщIа, панном нэгъуэщI зы хэщIыныгъи игъуэтакъым.

Иджы лагерым и унэр КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм иратащ, ар зэфIагъэувэжу къыдэкIуэтей щIэблэм я зэманыр щагъэкIуэн ухуэныгъэ екIу къызэрагъэпэщын папщIэ. Министр Лу Азэмэт абы и щIыналъэр, унэм и кIуэцIыр къыщызэхиплъыхьым, панно телъыджэр хъумэн хуейуэ къилъытащ.

Къалэн куэд щагъэзащIэ щIалэгъуалэ центрым и лэжьакIуэхэмрэ волонтерхэмрэ сурэтхэр зытет пхъэбгъухэр фокIадэ мазэм зэпкърахащ. Ар лэчдагъэкIэ щIащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар зи IэдакъэщIэкI сурэтыщIыр къытхуэхутакъым.

«Сурэтым щыщ гуэрхэр волонтерхэм зэрагъэпэщыжынущ. Абы иужькIэ КъБКъУ-м дизайнымкIэ и колледжым и студентхэм къагъэщIэрэщIэжынущ икIи ар абыхэм я диплом лэжьыгъэу къалъытэнущ. Лагерыр мы илъэсым и кIэм къызэIуахыну я мурадщ. Сурэтым ехьэлIа лэжьыгъэр мы мазэм зэфIэкIыну догугъэ. Ар хьэзыр хъумэ, здэщыIа щIыпIэм яшэжынурэ шхапIэ пэшым и блыным фIадзэжынущ. Ди щIалэгъуалэр сыт хуэдэ IуэхукIи дэIэпыкъуэгъу хъуну хьэзырщ, апхуэдэу зэрыщытым папщIэ фIыщIэ яхузощI», - жиIащ «Волонтёры культуры» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Борыкъуей Эдуард.

КЪУЩХЬЭ Нэзар.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэхущытыкIэр ирагъэфIакIуэ

Урысейм и Президент Путин Владимиррэ Къэзахъстаным и УнафэщI Токаев Касым-Жомартрэ Кремлым и уардэунэм щызэхуэзащ.

ЛIыщхьэхэр тепсэлъыхьащ пIалъэ кIыхькIэ къэралхэр зэрызэдэлэжьэнум, лъэныкъуитIым яку дэлъ политикэ, сату-экономикэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэм зэрызрагъэужьынум, апхуэдэуи и гугъу ящIащ я щIыналъэхэм, дуней псом щыIэ щытыкIэхэм.

Путин Владимир къыхигъэщащ мы илъэсыр хъарзынэу къызэрырахьэлIэр, къэкIуэнуми гугъапIэфIхэр зэрыхуаIэр, абы и лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIыну Iуэхухэр убзыхунымкIэ мы зэIущIэр щхьэпэ зэрыхъунур.

Къэзахъстаным и УнафэщIым жиIащ Путин Владимир и ныбжьэгъу нэхъыжьу къызэрилъытэр икIи гуапэу зэрыригъэблэгъам папщIэ фIыщIэ хуищIащ. Абы къыхигъэщащ Урысеймрэ Къэзахъстанымрэ зэхущытыкIэфIхэр зэрызэхуаIэр, унэтIыныгъэ куэдым зэрыщызэдэлажьэр, адэкIи я зэпыщIэныгъэхэм зэрызрагъэубгъунур.

«Урысейм и пашэхэр»

УФ-м и Президентым и Администрацэм и унафэщIым и япэ къуэдзэ Кириенкэ Сергей «Урысейм и пашэхэр» къэралпсо зэхьэзэхуэм и еханэ зэхуэсыгъуэр къызэIуихащ. А зэпеуэр «Урысейр Iэмалхэм я къэралщ» президент утыкум и проекthэм ящыщщ, щIалэгъуалэм я зэфIэкI ягъэунэхунымкIэ, жылагъуэ жэрдэмхэр ядэIыгъынымкIэ, апхуэдэу волонтёр зэщIэхъееныгъэм зегъэужьынымкIэ программэхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ.

«Зэхуэсыгъуэщ Iэр къызэIудох, ауэ, Президентым и пщэрылъкIэ, абы зэхъуэкIыныгъэхэр едгъэгъуэтащ. Зэпеуэм и кIэлъыплъакIуэ советым хабзэщIэхэр къыддиIыгъащ, абы ипкъ иткIэ мы лъэхъэнэм и зи чэзу зэхыхьэм зэхьэзэхуэнур цIыху щхьэхуэхэракъым, атIэ гупу зэхэтхэм я зэфIэкI ягъэлъэгъуэнущ», - жиIащ Кириенкэ Сергей. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, зэпеуэм хыхьэ хъунущ зэгъусэу зы IэнатIэм щызэдэлажьэ е зэщIыгъуу проектхэр зыгъэзащIэ гупхэр.

УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэр 2017 гъэ лъандэрэ ирагъэкIуэкI. Абы щыгъуэщ «Урысейр Iэмалхэм я къэралщ» президент утыкур къыщызэрагъэпэщар. «А илъэсийм къриубыдэу цIыхум и социальнэ щытыкIэр ихъуэжынымкIэ Iэмал хъарзынэхэр къезыт Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр къыхалъхьащ, къапщтэмэ, апхуэдэ лэжьыгъэ щрагъэкIуэкI нэгъуэщI зы къэрали щыIэкъым», - жиIащ къулыкъущIэм.

ЩэкIуэгъуэм и 13, *махуэку*

♦**Нэфхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**ФIагъым и дунейпсо махуэщ**

♦**Гуапагъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм радиацэм, химическэ, биологическэ Iэщэхэм защыхъумэным хуэгъэпса и дзэхэм я махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм Къэрал щэхур хъумэнымкIэ и IуэхущIапIэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦**1758 гъэм** Москва къалэм и лъабжьэр щагъэтIылъащ Япэ медицинэ институтым (иджыпсту Сеченов И. М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт медицинэ академиерщ).

♦**1929 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм и сурэтыщI, АР-м и гербыр зыщIа **Мерэтыкъуэ Долэт**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ зэдзэкIакIуэ, радиожурналист **Мэремкъул Ларисэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 14, *мэрем*

♦**Фошыгъу узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и социологхэм я махуэщ**

♦**1989 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ, зи хэкур залымыгъэкIэ зрагъэбгына лъэпкъхэм лей зэрыкIэлъызэрахьар, ар щIэпхъаджагъэу зэрыщытар къыщыгъэлъэгъуауэ.

♦**1914 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ **Къашыргъэ ХьэпащIэ**.

♦**1924 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Ефэнды Джылахъстэн**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ ухуакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Алмэ Алий**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къэрмокъуэ Ахьмэд**.

♦**1988 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Гугъуэт Заремэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 – 13, жэщым градуси 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псымрэ мафIэмрэ IэубыдыпIэншэщ.

Налшык быдапIэм и япэ сурэт

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ЩIэныгъэ библиотекэм тхылъ гъуэтыгъуейхэмкIэ и къудамэм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ магистр Къармэ Руслан Москва къыщигъуэтащ Налшык быдапIэр щаухуам, 1848 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м, тращIыкIа сурэтыр.

ИЛЪЭС 20-кIэ зылъыхъуа а тхылъымпIэ кIапэр утыку къыщрихьа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Архитекторхэм я зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэр, республикэм и архитектор нэхъыщхьэ Быдэ Аслъэн, КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэр, еджакIуэхэр.

- Урысейр Кавказым къыщыкIуам, быдапIэ зыбжанэ щиухуащ дызэрыщыгъуазэщи. Ауэ, адрей быдапIэхэм я сурэтыр дэфтэрхъумапIэхэм къыхэнамэ, Налшык быдапIэм и картэр щIамыгъуэтым и щхьэусыгъуэр ямыщIэу къэгъуэгурыкIуащ. Си щхьэкIэ, илъэс 20-м нэблагъэкIэ сылъыхъуащ абы. ЩIэныгъэлIхэм жаIэрт ар щыIэн зэрыхуейр, ауэ зэи зыми и нэкIэ илъэгъуатэкъым, ягъэхъыбар мыхъумэ. Абы сыщылъыхъуащ ди гъунэгъу щIыналъэхэм я дэфтэрхъумапIэхэми, Куржыми, Москваи. Пэжщ, картэжь гуэрхэр щыIэщ, ауэ абыхэм Налшык быдапIэр плIимэ цIыкIуу тедза мыхъумэ, езы быдапIэм и ухуэкIэр къызэрытщIэн зыри дгъуэтыртэкъым. Иджыблагъэ Москва зэрымыщIэкIэ сыщрихьэлIащ абы. Пэжыр жысIэнщи, зэуэ си фIэщ хъуакъым, ауэ абы къыщыгъэлъэгъуа быдапIэм и ухуэкIэкIэ зи гугъу сщIа картэжьхэм къыщыгъэлъэгъуа плIимэр къэбгъэблагъэрэ ебгъапщэмэ, процент 90-кIэ зэтехуэрт. Къэзгъуэта картэм къыщыгъэлъэгъуа быдапIэм дэтт унафэщIым и унэр, IуэхущIапIэ нэхъыщхьэр, канцеляриер, гын хъумапIэр, сэлэт 200 зыщIэхуэ казармэр, къэрэгъул-дзэ чэщанэр, бгырыс сабийхэм я еджапIэр, члисэр. Сурэтым тедзэжат ар щатха мазэмрэ илъэсымрэ, - жиIащ Къармэм.

Дэфтэрлъыхъум къиихута картэм тепщIыхьмэ, ар хуэзэу щытащ нобэ медицинэмкIэ КъБКъУ-м и къудамэр здэщыт щIыпIэм къыщыщIэдзауэ Пятигорск уэрамымкIэ зыкъиукъуэдийрэ, Суворовым и уэрамымкIэ хыхьэжу. Тхыдэм къызэриIуатэмкIэ, Налшык быдапIэр 1818-1822 гъэхэм яухуауэ щытащ, генерал Ермоловым и унафэкIэ. Налшыкыпс Iуфэм щаухуа быдапIэр илъэс 15-м къриубыдэу жылэшхуэ хъуат икIи 1860 гъэм ирихьэлIэу абы уэрам зыбжанэ иIэт.

Дауи, зэманым къыздихь зэхъуэкIыныгъэхэм дэкIуэдыжащ а быдапIэм и мывэ блынхэр. Ауэ нобэр къыздэсым, лъэхъэнэ жыжьэм и фэеплъу щытщ Налшык быдапIэм и зы блын Iыхьэ. Ар къалъащхьэм и Къэбэрдей - Пятигорск уэрамхэм я зэпылъыпIэм тетщ, метр 1,5-рэ и бгъуагъыу.

БыдапIэр 19-нэ лIэщIыгъуэм ипэхэм яухуами, абы къикIыркъым нэхъапэIуэкIэ мыбдеж цIыху имысауэ. Тхыдэм къызэрыхэщымкIэ, 1724 гъэм нобэ Налшык здэщыт щIыпIэм и Iэхэлъахэм япэ дыдэу къитIысхьауэ щытащ пщышхуэхэу Къетыкъуэ Аслъэнбэч, Жанхъуэт Кушыку, Тэтэрхъан Жамбот сымэ я жылэхэр. ИужьыIуэкIэщ ар урысей пащтыхьым и унафэкIэ яухуа Кавказ линием и быдапIэ бжыгъэншэхэм ящыщ зы щыхъуар.

Езы Налшык фIэщыгъэцIэм утепсэлъыхьмэ, ар къызытехъукIам теухуауэ еплъыкIэ зыбжанэ щыIэщ. Хуагъэфащэ ар мы щIыпIэм щежэх Налшыкыпсым къытекIыжауэ. Арами, «налшыкым» зыгуэр кърагъэкIыу а псым фIащын хуеякъэ?! Языныкъуэхэм жаIэ жылэр щетIысэха бгы жьэгъур налым хуэдэу къэгъэшати, абы къытекIауэ. Нэхъ фIэщ щIыгъуафIэщ ещанэ еплъыкIэр: мыбдеж ятIагъуэр щыкуэдти, шыхэм я налыр щIичырт. Абы къыхэкIыу, щIыпIэми «налщыч» фIащащ.

● Къэхутэныгъэ

Дауэ хъуами, бзэмкIэ щIэныгъэлIхэр нобэр къыздэсым арэзы зэдытехъуакъым а фIэщыгъэцIэм и къежьапIэм. Адыгэбзэми, тыркубзэми, къэжэрыбзэми хэтщ «нал» псалъэр, къикIри зыщ. Къалэм и цIэр урысыбзэкIэ къыщупсэлъкIэ «чик» Iыхьэм къыпхуихынущ «щыч»-ри, «шык»-ри, «чик» (цIыкIу) дыдэри. Мыбдеж гу лъытапхъэщ литературэмрэ бзэмрэ Налшык фIэщыгъэцIэр зэдэарэзыуэ къызэдащтами, Налщычым и телъхьэхэри зэрымымащIэр.

1871 гъэм, Налшык быдапIэр слобода щащIыжам ирихьэлIэу, мыбы щыпсэуащ цIыху мини 3,5-рэ. 1871-1901 гъэхэм налшыкдэсхэм я бжыгъэр хэхъуащ цIыху мини 5-м щIигъуу.

ТхыдэджхэмзэрыхуагъэфащэмкIэ, Налшык быдапIэм и кур Хуитыныгъэм и скверым хуэзэу щытащ (Кавказ зауэжьым хэкIуэда адыгэхэм я фэеплъыр здэщытым деж). Къэбэрдей-Балъкъэр Лъэпкъ музейм и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, илъэс зыбжанэ ипэкIэ абдеж щыплъагъурт пасэрей быдапIэм къыхэнэжа блын къутахуэхэр. Ауэ абыхэм бетон трагъэжыхьащ, ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым.

- Картэм Налшыкыпсыр къызэрыщыгъэлъэгъуамрэ нобэ и щытыкIэмрэ зэхуэдэкъым. 1850 - 1860-хэм псым и кIуэкIэм езыр-езыру зихъуэжауэ жаIэ, 1960-хэм псыIущIапIэ (дамбэ) ящIыу псыр лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкIауэ хуэзыгъэфащи щыIэщ. Дауэ хъуами, а лIэщIыгъуэм кърибубыдэу псым зидзу-къикIуэтыжу щытагъэнущ. Гу лъытапхъэщ быдапIэм укъыдэкIыу псыхъуэм узэрыдыхьэ лъагъуэ зэриIами. КъищынэмыщIауэ, Хьэтокъущокъуэм и жыг-хадэм и зы кIапи къощ картэм. КъызэрызгурыIуамкIэ, езы быдапIэм къепхауэ, абы хухасауэ жыг-хадэ щхьэхуэ иIащ, блыным мыдэкIэ нобэ тцIыху жыг-хадэшхуэр щIылъагъэххэщ, - къыхигъэщащ Къармэм.

ЗэIущIэм кърихьэлIа архитектор Быдэ Аслъэн жиIащ, къызэрыщIэкIымкIэ, Налшык быдапIэр илъэси 177-рэ зэрырикъур, икIи Къармэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм, къиxута дэфтэрым теухуауэ тхылъ къыдэгъэкIыныmкIэ щIэгъэкъуэн хъуну зэрыхьэзырыр.

ФЫРЭ Анфисэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ХабзэщIэхэр къызэрытлъэIэсыр

УФ-м и Президент Путин Владимир щэкIуэгъуэм и 5-м Лъэпкъ зэхущытыкIэмкIэ советым и зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Къэралым и ЛIыщхьэм абы щигъэIуащ 2026 гъэр Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэрыщытынур.

ЗЭХУЭСЫМ щытепсэлъыхьащ «Урысейр 2036 гъэ пщIондэ зытетыну къэрал лъэпкъ политикэм» халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм. Гу зылъытапхъэ лъэныкъуэхэм я гугъу щищIым, Путин Владимир къыхигъэщащ «урысхэм я пщIэр езыудых къыхуеджэныгъэм къэралым ис лъэпкъ псоми я зэран зэрекIым», сыту жыпIэмэ, «урыс лъэпкъыр, урыс цIыхубэр хэмыту, езы Урысейри щыIэфынукъым». Абы къыхэкIыу, урысхэм я лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэри, щэнхабзэри, бзэри «хуэсакъыпэу хъумэн хуейщ».

Апхуэдэ дыдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ Урысейр лъэпкъыбэу зэрызэхэтыр къэралым и хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэу къэлъытэным икIи ар дэфтэрыщIэм къыхощ. Къэралым лъэпкъи 190-рэ исщ, бзэ 300-м нэс щызокIуэ, абыхэм ящыщу 150-р «урысей лъэпкъыбзэхэм» хеубыдэ. БжыгъэкIэ урысхэр нэхъыбэщ, ахэр процент 80,85-м нос. Лъэпкъышхуэхэм иджыри хохьэ тэтэрхэр, шэшэнхэр, башкирхэр, чувашхэр, аварсхэр, ермэлыхэр, украинхэр, даргинхэр, къэзахъхэр, къумыкъухэр, къэбэрдей адыгэхэр, ингушхэр, осетинхэр, мордвахэр, якутхэр, азербайджанхэр, бурятхэр, марийхэр.

Зи гугъу тщIы зэIущIэм щхьэхуэу щытепсэлъыхьащ лъэпкъ Iуэхум епха, дяпэкIэ къэралым щагъэлъэпIэну махуэшхуэхэми. Фигу къэдгъэкIыжынщи, УФ-м и Президент Путин Владимир щэкIуэгъуэм и 4-м унафитI щIэуэ къищтащ. Япэр - Урысейм ис лъэпкъхэм я бзэхэм я махуэм теухуарщ, ар фокIадэм и 8-м ягъэлъэпIэнущ. ЕтIуанэр - Урысейм щыщу зи бжыгъэр мащIэ лъэпкъхэм махуэ щхьэхуэ зэрыхухахарщ. Ар трагъэхуащ мэлыжьыхьым и 30-м. Лъэпкъ цIыкIухэм я щэнхабзэр, псэукIэр, IэщIагъэхэр хъумэным, ахэр хэмыгъэкIуэдэжыным хуэгъэпсащ мы махуэшхуэр. Ипэрей унафэм ещхьу, абыи Iэ щыщIадза махуэм щегъэжьауэ къару егъуэт.

Абхъаз-адыгэ лъэпкъ зэрыIыгъхэм ящыщу, «лъэпкъ мащIэхэм» хеубыдэ абазэхэмрэ (абазинхэмрэ) шапсыгъхэмрэ. Абазэбзэр абхъаз-адыгэ бзэ гупым и къудамэу къалъытэ.

Адыгэхэм я лъэпкъ къудамэм хохьэ шапсыгъхэри. Кавказ зауэ нэужьым Урысейм къина шапсыгъхэр щопсэу ТIуапсэ районымрэ Сочэ и Лазаревскэ районымрэ. 1879 гъэм ящIа къыхэтхыкIым ипкъ иткIэ, ахэр зэрыхъужыр мини 5 къудейт. 1926 гъэм шапсыгъхэр мини 4 хъууэ къагъэлъэгъуат. 2002 гъэм и къыхэтхыкIымкIэ – къэралым шапсыгъ мини 2,2-рэ исащ. 2010 гъэм - мини 3,9-рэ. Ауэ, зэрыхуагъэфащэмкIэ, шапсыгъхэр нэхъыбэщ, Адыгейм зэрыщыпсэум къыхэкIыу, адыгейуэ е шэрджэсу зэрызрагъэтхым къыхимыгъэщу аращ. Шапсыгъхэр адыгэбзэм и шапсыгъ къудамэм иропсалъэ.

ЮНЕСКО-м и Конференц нэхъыщхьэу Узбекистаным щекIуэкIам, Тыркубзэхэм я дунейпсо махуэ зэрыхигъэщхьэхукIам теухуа резолюцэми и гугъу тщIыпхъэщ. Ар илъэс къэс дыгъэгъазэм и 15-м ягъэлъэпIэнущ. Дэфтэрым зэритымкIэ, «мы махуэр ЮНЕСКО-м хуэщхьэпэнущ бзэрэ щэнхабзэкIэ зэщхьэщыкI лъэпкъхэм защIигъэкъуэн, щIыналъэ щхьэхуэхэмрэ дунейпсо мыхьэнэ зиIэ зэгухьэныгъэхэмрэ зэдигъэлэжьэн, IуэрыIуатэмрэ ар зэрызэIэпах Iэмалхэмрэ ихъумэн папщIэ».

Тыркубзэхэм я махуэшхуэр хагъэщхьэхукIыныр къыхалъхьащ Азербайджаным, Къэзахъстаным, Къыргъызым, Тыркум, Узбекистаным икIи къэрал 21-м арэзыуэ Iэ яIэтащ. Дыгъэгъазэм и 15-р къыщIыхахами щхьэусыгъуэ иIэщ. 1893 гъэм Данием щыщ щIэныгъэлI Томсен Вильгельм «Орхон тхыгъэхэм» тхыгъэжь къахигъуэтауэ щытащ тырку бзэ унагъуэ зэрыщыIэм и щыхьэту къэуву.

Адыгэ хъыджэбзыр Калининым зэрыхуэзар

Совет къулыкъущIэхэм куэд яхэта къыщIэкIынкъым, Калинин Михаил хуэдэу балигъми сабийми фIыуэ ялъэгъуауэ. ИкIи щэкIуэгъуэм и 7-м дунейм къытехьа Калинин-дадэ мы гъэм илъэси 150-рэ зэрырикъум гу лъыдмытэххэнкIи хъунт, адыгэ тхыдэдж Нало Евгение Жамырзэ и пхъум абы теухуа гукъэкIыж гъэщIэгъуэн къимыгъэнамэ.

И АДЭРИ, и адэ къуэшри, иужькIэ и дэлъхури политикэ дэкъузэныгъэм зэрыхиубыдам къыхэкIыу, Евгение щтапIэ щихьэжа Таджикистаным и щыхьэр Сталинабад дэт къэрал пединститутым щIэтIысхьауэ щытащ, ауэ «цIыхубэм я ней зыщыхуапхъэхэм» зэращыщыр наIуэ зэрыхъуу, институтым къыщIагъэкIыжат. ЗэрыуэдымрэшхынкIэ зыхуей зэрыхуэмызэмрэ къыхэкIыу, щIалэ цIыкIуфэ зытеуа хъыджэбзым апхуэдизкIэ партри, абы и къыхуеджэныгъэхэри, къэралым и унэтIыныгъэхэри и фIэщ хъурти, гущIэгъу нэхъ зыхэлъу зэхиха Калинин Михаил деж иунэтIащ, захуагъэм щIэлъэIуу. АдэкIэ къэхъуам езы Евгение и псалъэхэмкIэ пытщэнщ:

«Си гъащIэм къыщысхуэза цIыхуфI къомыр нэмыщIамэ, сыкIуэдыпэну къыщIэкIынт сэ. Абыхэм язщ Калинин Михаил и Iуэхузехьэ Сухов Александр. Лъэпкъ зэхэгъэж сымыщIу срагъэсащ апхуэдэ цIыхухэм. Суховым и фIыгъэщ Калининыр зэрысцIыхуар. «СлъэкI къэзгъэнэнкъым, Калининым ухуэзгъэзэн папщIэ», - къызжиIат, си хъыбарым къедаIуэри.

«Коммунистхэращ сэ насыпыншэ сызыщIар» жаIэу щызэхэсхкIэ, сэ занщIэу Калининыр сигу къокIыж. И гуэныхьхэр къыхуагъэгъуну куэдрэ сыхуолъаIуэ абы. Си гъащIэ псом лъэужьу къыхэнащ Калининым и егъэблэгъапIэм щесхьэкIа зэман кIэщIыр.

... Езым пэмыжыжьэу сигъэтIысащ. СызэрыцIыкIуэрэ фIыуэ слъагъу нэкIу дыдэрат сызыIуплъэр, хьэрхьуп жьакIэ зытет, нэгъуджэ зыIулъ Калинин-дадэ.

- ИIэ, жыIэ-тIэ, сыт си деж укъэзышар? – къызоупщI, и нэгъуджэр и пIэ иригъэувэжурэ. ЩытыкIэ гъэщIэгъуэным сихуат. Си Iэр, си Iэпхъуамбэхэр, си IэпкълъэпкъыммI и Iыхьэ къэс щхьэхуэ-щхьэхуэу кIэзызырт. Зэрыхъу ирехъу, зэрыщыт дыдэр хуэсIуэтэнщ жысIэри, щIэздзащ.

Псори жесIэжащ, кIуэ, зыгуэрхэр дэзгъэхуурэ. Си адэм фIыуэ ищIахэр, ар аргуэру зэрагъэтIысар, сэ щытыкIэ сызэрытыр... Фи фIэщ хъункъым, и жыпым иIэбэри, сом 25-рэ къызитат, гъуэгупщIэ пхуэхъунщ, зыгуэрхэр къэпщэхунщ, жиIэри. Ар ахъшэшхуэт а зэманым. Ахъшэ къысхуишийр къеIысхыфыртэкъым...

- Къащтэ мыр гъуэгупщIэу! – къызжеIэ. – Каширскэ гъуэгур пцIыхурэ?

- НтIэ.

- Абы академиер щыIэщ.

- СощIэ.

СщIэртэкъым, Мэзкууи сцIыхуртэкъым. Ауэ сымыгъэгузэвэн щхьэкIэ, «сощIэ» жысIэу арат. «Профсоюзым ухэт?» «НтIэ». «Сыт хуэдэм?» «Егъэджакlуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ яйм». ПыгуфIыкIащ, пхэнжу зэрыжысIам щхьэкIэ. СызэрытIысхьэну трамвайри троллейбусри тхылъымпIэм къысхуритхэри, профсоюзым сызэрыкIуэнур къызгуригъэIуащ. «Нало Евгение Жамырзэ и пхъум сом 350-рэ къыхуэвутIыпщ» псалъэхэр тету, нэгъуэщI зы тхылъымпIэ къызитащ. Ар мылъкушхуэт. Си фIэщ хъуртэкъым, сеплъ пэтми. Абы иужькIэ сом 25-р къыщысхуишияр. Бзагуэ сыхъуат. «Спасибо» жыпIэныр мащIэт. ИтIанэ телефон трубкэр къищтэри, профессор Кафтановым пащIэну лъэIуащ. Ар сцIыхурт. Абы и деж сыщIыхьэну сыщыхэтам, щIалэ цIыкIуфэ къызаплъурэ сыкъыщIахужат: «IукI, щIалэ цIыкIу, мыбдеж цIыхушхуэхэр щIэсщ». Иджы абы Калининыр йопсалъэри, сэ сыщIигъэхьэну унафэ хуещI.

- Си деж кIэ зыщыгъ Ломоносов гуэр щIэсщ, Таджикистаным къикIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу. ЩIалэ цIыкIум ещхьу хуэпа хъыджэбз цIыкIу! ГъэщIэгъуэн дыдэщ! - жреIэ. - НызогъакIуэ ар иджыпстуи, зэрыхъукIэ фыкъыдэIэпыкъу. Фхуапэ, вакъэ лъыфтIагъи, и еджапIэм щIэвгъэтIысхьэж. Ар щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат еджапIэм къыщIадзыжащ. Iуэхур зэфIэкIмэ, хъыбар сыгъэщIэж.

Согъуэгри сыщытщ. Си дамащхьэм къоIусэри жеIэ: «Умыгъ, дахэ цIыкIу». Зызэтезубыдэжри, сысакъын щIэздзащ. Согупсыс: «Апхуэдэу щIыжиIар сыщIимыгъэпхъуэжын щхьэкIэщ, симыгъэбэлэрыгъыу». СамыгъэтIысыну иджыри си фIэщ хъуртэкъым. И пащхьэм «зэзгъэпэща» паспортищыр илът.

- Пэжу жыIэт, дэтхэнэра ууейр?

- Мис мыращ.

- Къащти, кIуэ-тIэ.

СыщIэкIыжащ. Дыгъэ къыкъуэкIауэ, махуэр щыдахащэт Мэзкуу.

Кафтановым деж сымыкIуэну мурад сщIат: сыкъагъапцIэ е зыгуэр. Профсоюзым сыкIуэнщ, ахъшэ къызатмэ, итIанэ си фIэщ сщIынщ. Суховыр щIэсыжтэкъым.

Профсоюзым сызэрынэсу, псоми къажыхьын щIадзащ. СызэрыщыгъыныджэрялъагъурТ, щIымахуэкум брезент вакъэ слъыгъыу. ИтIанэ «къыщIыхьэ» жаIэщ, кассэм деж сом 350-рэ къыщысхуабжри, къызатащ.

Апхуэдизкlэ сигу хэхъуэрт сыкъыщыщIэкIыжми, уафэм сыдэплъейри сигукIэ жысIащ: «Тхьэм узыншагъэ кърит Калининым. Коммунизм духуэнщ дэ!»

Арати, хахуэу Кафтановым деж согъэзэж. Шэнт дахэхэр щIэту, цIыхухэр щIэзу, аргуэру «Профессор Кафтанов» зытетха бжэм соплъ. «IукI, щIалэ цIыкIу, мыбдежым цIыхушхуэхэр щIэсщ», - къызжезыIа, кIэстум зэфIэт хужь зыщыгъ лIыр аргуэру бжэм деж щысщ.

Къызоплъри погуфIыкI.

- Иджы сыщIыхьэнущ, - жызоIэ.

Зыри жиIакъым. Сэ бжэкъур субыдри, сыкъекъуну зызгъэхьэзыращ. «ЩIалэ цIыкIу, уэ Iуэхур зыIутыр бжесIатэкъэ?» - зэхызох аргуэру. Абдеж дыдэм пэшыбжэр илъэс 45-рэ хуэдиз зи ныбжьын, пащIэ фIыцIэ зытет лIы гуэрым и кIуэцIымкIэ къыщыIуихащ. Абы и унэцIэр Рамзаевт.

- Профессор Кафтановым деж ущIыхьэну арат?

- НтIэ.

- КъакIуэ, къакIуэ, къыщIыхьэ мыдэ!

КIэстум хужь зыщыгъ лIым и жьэр щIэхуауэ, кабинетым сыщIашэ. Кафтановым и егъэблэгъапIэм сыкIуэцIрашри, езым и пащхьэ срагъэувэ. ЛIы хэщIыхьат, и нэгу зэхэлъыкIэкIэ уигу къызэринэжышхуэ щымыIэу. КIыхьу къыспкърыупщIыхьащ. Сэри хахуэу жызоIэж псори. Си лъэгуажьэхэри кIэзызыжыртэкъым. СакъызэрыфIэIуэхур къызгурыIуат.

И къуэдзэхэм къеджэри, яжриIащ:

- «КIэ зыщыгъ Ломоносов» къызжиIащ мыбы щхьэкIэ Михаил Иванович.

Псори мэдыхьэшх.

- Иджы, Рамзаев, Таджикистаным и лIыкIуэхэр зыщIэс IуэхущIапIэм сыпыщIэ.

ПащIа нэужь, Таджикистаным и лIыкIуэм Кафтановым унафэ хуищIащ Мэзкуу икIыу Сталинабад кIуэ мафIэгум и билет къысхуащэхуну. НэгъуэщI зыгуэрым мыр жриIащ: «Уи пщэ дызолъхьэ мы хъыджэбзыр ди базэм пшэуэ, езыр зыхуей щыгъынрэ вакъэрэ пщIэншэу къыхебгъэхыну. Зыхуейм хуэдиз къегъащтэ».

Сыщысщ, содаIуэ. Кафтановым пещэ: «Таджикистаным и пединститутым щIэгъэтIысхьэжын хуейщ ар, абы и щыхьэт документи кърырат».

«Таджикистан къэрал пединститутым и директорым деж. Калинин Михаил Иван и къуэм и унафэкIэ, Нало Евгение япэ курсым и студенту къэщтэжын, стипендиекIэ, псэупIэкIэ, ерыскъыкIэ, зыхуэныкъуэ псомкIэ зэгъэпэщын», - иратхащ копие трахыу къысIэщIалъхьа тхылъымпIэм.

Таджикистаным и лIыкIуэм деж сызышэну цIыху къыхахащ. ДыздэкIуэм, мобы дрегъэблагъэри, Мэзкуу - Сталинабад мафIэгум и билет къысIэщIелъхьэ. ИтIанэ ардыдэм базэм сешэри, ди Тхьэ, бостейхэр, джэдыгухэр, щIымахуэ вакъэхэр щIэзу щIэлъщ. Бостей къыхэсхыну сыхагъэзыхьырти, щIым нэс бостей кIыхь къыхэсхауэ щытащ. Иджыри бостеитI, зы сарафан, туфлъэ, сэндал, хъэлат, щIагъщIэлъ къэсщтат. Общежитым сыщIагъэтIысхьэну унафэ ящIри, Сталинабад кIуэ мафIэгум срагъэтIысхьэжауэ щытащ.

- Ди фIэщ хъуркъым, - къэуIэбжьат а къысщыщIа псори зыжесIэжа си ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэр.

- Сэри хъунутэкъым, си нэкIэ сымылъэгъуамэ, - яжесIэрт».

Лъэпкъхэр зэзышалIэ къьару

Щэнхабзэ

Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и къалащхьэ Владикавказ иджыблагъэ щекIуэкIащ лъэпкъ куэдым я лIыкIуэхэр зыхэта «Осетинская лира» литературэ фестивалым и етIуанэ зэхыхьэр. Ар теухуат ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 зэрырикъуам.

ФЕСТИВАЛЫМ зэхуишэсащ Москва, Подмосковье, Екатеринбург, Челябинск, Троицк, Новгород Ищхъэрэ къалэхэм, апхуэдэуи Дагъыстэн, Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш, Осетие Ипщэ республикэхэм, Ставрополь крайм, Индием щыщ тхакIуэхэр.

ЗэIущIэшхуэм хэтащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь Иванов Николай и къуэдзэхэу Латынин Валерийрэ Поповэ Нинэрэ, зэгухьэныгъэм и секретархэу Токаревэ Аннэрэ Шувалов Григорийрэ.

ЩIэныгъэлI-филолог, литературэ критик, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, Кавказым и тхакIуэхэм я клубым и унафэщI Муслимовэ Миясатрэ щIэныгъэлI-филолог, литературэ критик, зэдзэкIакIуэхэм я школ къызэзыгъэпэща, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь Ягодинцевэ Нинэрэ я къэпсэлъэныгъэхэм фестивалыр купщIафIэ ящIащ.

УсакIуэ икIи зэдзэкIакIуэ Расторгуев Андрей и цIэри къиIуапхъэщ. Абы зэхыхьэм лэжьыгъэшхуэ хищIыхьащ. КъыхэгъэщыпхъэщI ар зыхэта зэIущIэхэр фестивалым щIимыдзэ щIыкIэ зэрыщыIар, Осетие Ищхъэрэм и къэрал университетым и студентхэм зэраIущIар.

Фестивалым утыку къыщрахьащ Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и цIыхубэ усакIуэ, профессор Джикаев Шамиль и «И скорбь, и ярость, и любовь» зыфIища и усэ тхылъыр.

Осетин усакIуэу Хэку зауэшхуэм хэтахэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъщ «В живом строю» зыфIащар. Абы ит усэхэр урысыбзэм хуагъэкIуащ Москва, Подмосковье, Челябинск щыщ зэдзэкIакIуэхэм.

Апхуэдэуи фестивалым утыку къыщрахьащ Дагъыстэн Республикэм и цIыхубэ усакIуэ Ахмедов Магомедрэ абы и къуэ Мурадрэ я IэдакъэщIэкIхэр осетиныбзэкIэ зэдзэкIауэ зэрыт «Отец и сын» тхылъыр.

«Они сражались за родину» тхылъыр республикэм и курыт еджапIэхэм щIэсхэм Хэку зауэшхуэм хэтахэм траухуа я сочиненэхэр щызэхуэхьэса еплIанэ тхылъщ.

Осетин лъэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Хетагуров Коста и фэеплъыр ягъэлъапIэу, фестивалым хэтахэр кIуащ усакIуэр къыщалъхуа, Алагир районым хыхьэ Нар къуажэм.

ЗэIущIэм и зы махуэр хухахат Урысейм и ТхакIуэхэм я Осетие Ищхъэрэ къудамэр (и тхьэмадэр УФ-м, Осетие Ищхъэрэ – Аланием щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, тхакIуэ, литературэ критик Хосиев Борисщ) къызэрызрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум. А пшыхьым хэтащ ТхакIуэхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэу Бейтуганов Исмэхьилрэ Накостаев Хавашрэ.

Фестивалым и къызэгъэпэщакIуэ, усакIуэ икIи зэдзэкIакIуэ, республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Басиевэ Залинэ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкIыу къратащ Шукшин Василий и цIэр зезыхьэ дыщэ медалыр. А дамыгъэ лъапIэр хуагъэфэщащ Хетагуровым и цIэр зезыхьэ Осетие Ищхъэрэ къэрал университетым и ректор, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Огоев Алан. Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, цIыхубэ артист Цариев Валерий кърагащ «Сказитель Руси» медалыр. СОГУ-м и щIыхь тхылъэ Плиев Григорий и цIэр зезыхьэ медалкIэ егуэпащ зэдзэкIакIуэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу фестивалым щыIащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт усакIуэхэу «Литературная Кабардино-Балкария» журналым жэуап зыхь и секретарь Хьэту Пётр, «Минги Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ Додуев Аскэр, тхакIуэ Къудей Фаридэ сымэ.

Республикэм и оперэ, эстрадэ уэрэджыIакIуэ нэхъыфIхэр хэтащ фестивалыр зэрызэхуащIыжа пшыхьым.

- Осетин лъэпкъым Хэку зауэшхуэм хэтахэм, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIыхь щызиIэхэм хуищI гулъытэр сигу дыхьауэ сыкъэкIуэжащ, - жеIэ Къудей Фаридэ. – Газдановхэ я зэкъуэшихым хуагъэува «Журавли», «Барбашово поле» зыфIаща фэеплъхэм (иужьрейм Совет Союзым и ЛIыхъужь лейтенант нэхъыщIэ Барбашов Пётр и цIэр зэрехьэ) дыщыкIуам си нэгу щIэкIащ мамырыгъэ гъащIэр зыхъумахэм я фэеплъхэр зэрагъэлъапIэр.

ИлъэскIэ къыпхуэзэщIэмыкъуэным хуэдиз Iуэху къызэщIиубыдащ фестивалым. Нэхъыщхьэращи, усакIуэ ныбжьыщIэ зэчиифIэ куэд абы щагъэгушхуащ, псори щIэтщIэжыр фэращ, жыхуаIэ щIыкIэу.

ИСТЭПАН Залинэ.

Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Сабиигъуэр щигъэкIуа къалэм къыхуеплъэкIыжу...

КъБР-м и Лъэпкъ музейм щагъэлъагъуэ УФ-м и СурэтыщIхэм я союзым, художникхэм я «Талант», «Храм дружбы», «Пушкин къуажэм и сурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм» хэт, Санкт-Петербург щыпсэу Казарновская (Зыковэ) Иринэ и лэжьыгъэхэр.

КАЗАРНОВСКАЯ Иринэ и сурэтхэм къыщыгъэлъэгъуащ езым и дуней лъагъукIэ зэриIэжыр. И лэжьыгъэхэм щыболъагъу къыщалъхуа Налшык, мы зэманым щыпсэу Санкт-Петербург къалэхэм я щIыуэпс къулейм яхуиIэ лъагъуныгъэр, удз гъэгъа щхъуэкIэплъыкIэхэр, цIыхухэм я сурэтхэр. ЩIыуэпсыр къызэрыщ сурэтхэм ущеплъкIэ, а щIыпIэхэм укъыщыхутам хуэдэу уи фIэщ ищIу уи нэгу къыщIегъэхьэф, нэхъыщхьэращи, и дэтхэнэ зы лэжьыгъэри щIэщыгъуагъэ гуэр зыхэплъагъуэщ, узыгъэгупсысэщ.

- Гъэлъэгъуэныгъэм зыкъэрезыгъэхьэлIэфахэм фIыщIэ фхудощI. ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием хэтхэм я IэдакъэщIэкIхэр щыдгъэлъагъуэ ди пэшышхуэм лэжьыгъэ купщIафIэ куэд утыку къыщитхьащ. Ди пэш цIыкIуми зэпымыууэ выставкэ гъэщIэгъуэнхэр къыщызыдогъэпэщ. Абыхэм язщ Казарновская Иринэ и лэжьыгъэ нэхухэр, псэр зыгъэхуабэхэр. Дунейр щIыIэтыIэми, мыпхуэдэ сурэтхэм ущеплъкIэ уагъэхуабэ, – жиIащ музейм и унафэщI Накуэ Феликс. – Гу лъыботэ художникым Iэмал щIэщыгъуэхэр къызэригъэсэбэпым. Казарновскэм и зэфIэкIхэм дяпэкIи хигъэхъуэну, ефIэкIуэну, и IэщIагъэм ехъулIэныгъэ щиIэну ди гуапэщ.

КъБР-м и Парламентым и депутат, УФ-м и Коммунист партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Пащты Борис и псалъэм къыхигъэщащ ди щIыналъэм щIэх-щIэхыурэ гъэлъэгъуэныгъэхэр зэрыщекIуэкIым, сурэтыщI гъуазджэм иIэ щIэупщIэм зэрыхэхъуэм, щэнхабзэм и мыхьэнэр кIуэ пэтми зэрызыхащIэм, зэхыхьэ гуапэхэм къазэрыхэхъуэм, и пэкIэ плъэхэр нэхъыбэ зэрыхъум узэригъэгуфIэр. Пащты Борис Казарновскэм ехъуэхъуащ гъуазджэм ехъулIэныгъэфIхэр щиIэну, лэжьыгъэ куэд дяпэкIи и Iэдакъэ къыщIэкIыну.

КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч жиIащ дахагъэ зэрыщыIэм мы гъэлъэгъуэныгъэр щыхьэт зэрытехъуэр, лэжьыгъэхэр зи IэдакъэщIэкIым игури и псэри дахагъэкIэ зэрыгъэнщIам шэч къызэрытримыхьэр.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщIхэу Црым Русланрэ Жылэ Анатолэрэ, КъБР-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ, нэгъуэщIхэри.

Казарновская Иринэ фIыщIэ яхуищIащ выставкэм зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ псалъэ гуапэ къыхужызыIахэмрэ, гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэща музейм и лэжьакIуэхэм. Иринэ насыпырыхь джэгур абдеж къыщызэригъэпэщри, абы щытекIуахэм и лэжьыгъэхэм ящыщ тыгъэ яхуищIащ.

Выставкэм къекIуэлIахэм ящыщ Чеченовэ Iэсият жиIащ иужь зэманым къалэм щекIуэкI сурэт гъэлъэгъуэныгъэхэм зэрыдахьэхыр, иджырейм хагъэхьа лэжьыгъэ куэд и гъащIэм зэрыпэджэжым гу зэрылъитар, ахэр игу зэрыдыхьар, дэрэжэгъуи къызэрыратар.

Москва щыщ художник Ферн Таня къыхигъэщащ Казарновскэм и сурэтхэр зэрыплъыфэбэр, дахагъэкIэ зэрыгъэнщIар, Iэзагъэ зэрыбгъэдэлъыр и лэжьыгъэхэм зэрыщынэрылъагъур.

Казарновская Иринэ теухуауэ: 1973 гъэм Налшык къыщалъхуащ. И сабиигъуэр ди республикэм щигъэкIуащ, къалэм къыщиухащ художественнэ школыр. Санкт-Петербург ХудожествэхэмкIэ и Академием егъэщIылIауэ щыIэ, Иогансон Борис и цIэр зезыхьэ художественнэ къэрал академическэ школыр, ХудожествэхэмкIэ Академие Репин Илья и цIэр зезыхьэр къиухащ. 2003 гъэм графикэмкIэ факультетым щеджащ. И IэдакъэщIэкIхэр щигъэлъэгъуащ урысейпсо, дунейпсо утыкухэм. СурэтыщI гъуазджэм дихьэххэм ящэхуауэ, абы и лэжьыгъэ щахъумэ Урысейм, Инджылызым, Канадэм, Азербайджаным, Черногорием.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Сыт Суданым щекIуэкIыр?

Судан къэрал хъужыр Мысырым и ипщэкIэ къыщылъ, КъуэкIыпIэ Африкэм щыщ щIыналъэщ, политикэ зэтемыхуэныгъэкIэ тIу ищIыкIауэ. Иужьрей илъэс зытхухым абы щызэпэщIэуващ унафэр зыIэщIэлъ правительствэм и дзэмрэ ардыдэм къыгуэкIыкIа, къару щхьэхуэ зэзыгъэгъуэта ИкIэщIыпIэкIэ Унафэ Къэзыщтэхэмрэ. Иужьрейхэм Эл-Фашир жыхуаIэ къалэр иджыблагъэ яубыдащ.

СУДАНЫМ щекIуэкIым зэреджэр граждан зауэщ. Абы къикIращи, зэпэщIэува лъэныкъуитIым я зыр токIуэ, ар зи телъхьэхэм уащымыщмэ, уаукIын шынагъуэр пщхьэщытщ. Суданым цIыхухэр зэрыщымэжалIэр, цIыхубзхэми, сабийхэми, жьыхуегъэзэкIхэми леишхуэ къазэрыщытехьэр, абыхэм уеблэмэ махъшэхэм ирагъэш Iусым фIэкIа ерыскъы къазэрыхуэмынар махуэ щIагъуэ дэмыкIыу, хъыбарыщIэу къат. Къэпсалъэ цIыхубзхэмрэ цIыхухъухэмрэ уеплъмэ, фэмрэ къупщхьэмрэ хуэкIуа жыхуаIэм хуэдэщ я теплъэр. Нэхъ гущIыхьэжщ «щтапIэ ихьэжахэм я хэщIапIэ» жыхуаIэу, интернетым щызэIэпах сурэтхэм ит гузэвэгъуэ зэхуэсыпIэхэр. ЩтапIэ ихьэжар дэIэпыкъуэгъу зыгъуэтарщ. Мыхэр лей къезыххэм я Iэгъуэблагъэм къикIуэсыкIа къудейщ, арщхьэкIэ апхуэдэ Iэмал зымыгъуэтхэр махуэ къэмынэу яукIыным е нэгъуэщI лей къатехьэным пэплъэу апхуэдэщ. Суданым иIэпхъукIахэр мелуан бжыгъэм щIигъуауэ къалъытэ, ауэ щыхъукIэ, «Iэпхъуа» зыфIэпщынур щIыпIэ гуэрым итIысхьарщ. Мыбыхэм я щхьэмрэ я псэмрэ дунейм щызэрахьэу, я кIий макъыр зэхэзыхын къахуэмыгъуэту апхуэдэщ. Иджыри къэс дызытегузэвыхьа Палестинэм ехьэлIауэ зэгурыIуэныгъэ гуэрхэм я макъ къэIуа щхьэкIэ, Суданым къыщыхъум хэкIыпIэ хуалъагъуркъым, абыкIэ ягъэкъуаншэри Хьэрып Эмират Зэгуэтхэрщ.

Мы зэпэщIэтыныгъэ гуащIэм щыщIидзар Суданым и къухьэпIэ лъэныкъуэм хиубыдэ Дарфур щIыналъэрщ. Мыбдежым Африкэм щыщ лъэпкъ куэд зэхэсу щопсэу, гурыIуэгъуэщи, зыгуэрым а щIыр езым нэхъ къылъысу къелъытэ. 2003 гъэм Суданыр хуит хъунымкIэ Армэ зыфIэзыщыжа дзэхэр Башир Омар и правительствэм пэщIэувахэщ. Абыхэм тетыгъуэр ягъэкъуаншэрт хьэрыпу щымыт лъэпкъхэр зэрыдакъузэмкIэ.

ЗыкъэзыIэтахэм япэщIэувэн папщIэ, правительствэм «джанджавид» зыфIища зауэлI гуп зэригъэпэщащ, къумырыс хьэрыпхэр хэту, къэралым и ахъшэ ирату. Къуажэхэм теуэурэ, ягъэсырт, цIыхухъухэр яукIырт, цIыхубзхэм лей ирахырт, шхын къыхуагъанэртэкъым.

ООН-м къызэрибжамкIэ, а зэпэщIэтыныгъэм цIыху мин 300-м нэс хэкIуэдащ, мелуани 5-р щтапIэ ихьэжащ. Джанджавидхэр зыпэщIэтыр зи фэр фIыцIэхэрт, абы къыхэкIыу, ящIам «лъэпкъгъэкIуэд» фIащауэ щытащ.

2013 гъэм джанджавидхэм я дзэм ИкIэщIыпIэкIэ Унафэ Къэзыщтэ Армэ фIащащ. Ахэращ иджыпсту екIуэкI гузэвэгъуэр зи Iэужьыр, а зэманым ар правительствэм и унафэм щIэтт, Хеметти цIэмкIэ яцIыху Дагало Мухьэмэд я пашэу. Хуэмурэ армэр Хеметти езым и закъуэ и дзэ хъужащ, правительствэм и дзэм пэщхьэхуэу, Дарфур и щIым къыщагъуэт дыщэхэри зэрыщыту абы IэщIэлъщ.

2019 гъэм Башир Омар традзри, унафэр дзэм Iэрыхьауэ щытащ. Абы и пашэр Бурхан Абдулфэттахьт. Иджыпсту ахэращ Судан къэралым и армэу зыкъэзылъытэжыр.

ТIури правительствэм къыщыхэкIакIэ, Бурханрэ Хеметтирэ зэгурыIуэн хуейтэкъэ? Зэман кIэщIкIэ апхуэдэу екIуэкIащ, ауэ 2023 гъэм а тIур зэщыIейри, граждан зауэр и гуащIэгъуэм нэсащ.

Жэпуэгъуэм и 28-м Хеметти и дзэм Эл-Фашир къалэр къызэраубыдамкIэ хъыбар игъэIуащ. Жэпуэгъуэм и 30-м ООН-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым и унафэщI Гутерриш Антониу къэхъуар икIагъэу къызэрилъытэр, цIыхухэм лей къащытехьэ гузэвэгъуэшхуэм хуэкIуэнкIэ зэрышынагъуэр зэбгритыкIащ. Урысейм и лIыкIуэу ООН-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым хэт Небензя Василий махуэ къэс къопсалъэ, Суданым и цIыхухэм къащхьэщыжыну дунейпсо цIыхубэр къыхуриджэу.

Захуагъэм и хьэтыркIэ, унафэр зыIэрыхьапхъэр правительствэм и дзэрщ. Ауэ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм Хеметти и армэр «ягъашхэ», езы Суданым и армэм Мысырымрэ Сауд Хьэрыпымрэ къыкъуэтщ. КIэщIу жыпIэмэ, Суданым хьэрып къэралхэр зэрыгъэгуэшауэ щызэпэщIэтщ. ХэкIуадэр муслъымэнщи, ар дунейм унафэ щызезыхьэхэм къазэрыфIэIуэху щыIэкъым.

Суданым дыщэ куэд къыщыщIах. Хэт ар зыIэрыхьэнур? Аращ зауэ щIекIуэкIыр. Зэрыхабзэу, «фызэдгъэкIуэжыну дыхуейщ» жызыIэхэрщ къаугъэр нэхъ гуащIэ зыщIыр. Апхуэдэ гурыщхъуэ нэхъ зыхуащIыр Хьэрып Эмират Зэгуэтхэрщ.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Къэрэгъэш къуажэм и щIэблэмрэ анэдэлъхубзэмрэ

Лъэпкъым и фIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэр - бзэр - хъумэныр, зегъэужьыныр зи къалэн нэхъыщхьэу КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэ-фестивалыр 2025 - 2026 гъэ еджэгъуэм къызэIузыхар Прохладнэ куейрщ. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ, лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къыдэкIуэтей щIэблэм егъэщIэным, ахэр гъуэгу захуэ тешэным жэуаплыныгъэшхуэ яхэлъу иужь зэритыр къэпщытакIуэ гупым ирагъэлъэгъуащ Къэрэгъэш къуажэм дэт, Бэшорэ Хьэмид и цIэр зезыхьэ езанэ курыт школым щылажьэхэм.

МАХУЭР пшагъуэу нэху къекIами, пщэдджыжьыпэм зимыукъэбз щIыкIэ, дерс щIэдзэгъуэ зэманым ирихьэлIэу хьэщIэхэр къэсами, къэрэгъэшдэсхэм я нэгур зэIухауэ япежьащ къахуеблэгъахэм. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и IуэхущIапIэу егъэджакIуэхэм я IэщIагъэм и фIагъыр щыхагъахъуэ центрым и унафэщI - зэпеуэм и къэщытакIуэ гупым и тхьэмадэ Къэжэр Артур зи пашэ гупым къуажэ дэлъэдапIэм къащыIущIащ адыгэ, республикэ ныпхэр хуарзэу зыIыгъ шууейхэр икIи еджапIэм нэс ягъэкIуэтащ. Школым и пщIантIэм дэтт адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIа ныбжьыщIэ теплъафIэхэр, еджапIэм и унафэщI Шал Марьянэ, абы и нэIэм щIэту лажьэ егъэджакIуэ Iэзэхэр, пщIэшхуэ зиIэ, къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэм пэрыт къуажэдэсхэр.

Адыгэм хьэщIэ и щIасэкъэ! Ар зэрырагъэблагъэ хабзэ псори ядэплъагъуу къапежьащ бысымхэр къэпщытакIуэхэм. Адыгэ къафэмрэ пшынэ макъамэмрэ щIэту еджапIэм и пэIущIэ пэшым дыщIыхьащ. Абдежым занщIэу щызыхэтщIащ мы школым щекIуэкI лэжьыгъэм и купщIэмрэ адыгагъэм, адыгэбзэм, лъэпкъ тхыдэм хуащI гулъытэмрэ.

БлэкIа зимыIэм, къэкIуэн иIэкъым жеIэ адыгэм. Хуабжьу гъэщIэгъуэн, блэкIамрэ нобэмрэ зэпызыщIэ теплъэгъуэщ школакIуэхэм абдеж щагъэлъэгъуар. Ди лъэпкъ тхыдэм къыхэщыж напэкIуэцIхэр, адыгэм къикIуа гъуэгуанэр и пэщIэдзэрэ нобэ, XXI лIэщIыгъуэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ иухыжу, дакъикъэ зыбжанэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху ди пащхьэм кърахьащ сабийхэм. Уасэ зыхуэщIыгъуей хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ бей лъэпкъым нобэ къыщIэхъуэ щIэблэм хамэбзэр къызэрыхахым, нэгъуэщI лъэпкъхэм я щэнхабзэм зэрыдэплъейм, адыгэ хабзэр IэщIыб зэращIым теухуа теплъэгъуэр ягъэзащIэу утыку къихьахэм ущие псалъэкIэ захуигъэзащ дадэм. Абыхэм я щIыбагъ къыдэт лIыхъужьхэм, дадэм и псалъэ Iущхэм гу лъызытэжа щIалэгъуалэм зыкъащIэжа щIыкIуэу, фIым ущагъэгугъу, лъэпкъ зэхэщIыкIыр къызэрыушыжыр псэкIэ зыхыуагъащIэу иухащ теплъэгъуэр.

Къэрэгъэш курыт школым щекIуэкI егъэджэныгъэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу ныбжьыщIэхэр зыхуагъасэ псоми зыщыдгъэгъуэзэну Iэмал диIащ а махуэм. КъыщIыхьэпIэм деж щрагъэувэкIа гъэлъэгъуэныгъэм игъэбелджылырт къэрэгъэшдэсхэм я щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зэрыIэпщIэлъапщIэр, район, республикэ зэхьэзэхуэхэм пашэ щыхъуфу жыджэру зэрыхэтыр, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым зэрыдихьэхыр.

ЕджапIэм и унафэщI Шал Марьянэ къызэрыджиIамкIэ, школым сабий 480-м щIигъу щоджэ, псори адыгэщ, адыгэбзэмрэ литературэмрэ ядж. Ныбжьышхуэ зиIэ курыт еджапIэм и егъэджакIуэхэр жыджэрщ, адыгэбзэм щыхуащI пщIэмрэ гулъытэмрэ щIыхьэпIэм деж щегъэжьауэ зыхыбощIэ, абы и щыхьэтщ мы школыр «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэ-фестивалыр зэрекIуэкIа илъэс 25-м къриубыдэу иджы етхуанэу къызэрыхыхьар. НобэкIэ еджапIэм адыгэбзэмрэ литетатурэмрэ ику ит, нэхъыжь классхэм щаригъэджу щыIэр Махъцы Зитэ и закъуэщ. Абы лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIым щыхьэт тохъуэ зэпеуэм нэхъапэми зэрыхэтар, къищынэмыщIауэ, къэпщытакIуэ гупми хагъэхьэу зэрыщылэжьар.

Япэу дызыщIыхьа пэшым щIэс еджакIуэхэм адыгэ фащэхэр ящыгъщ, ядауэ яIыгъщ, елэжьу Iэнэм телъщ. Дерсыр зыхухэхар адыгэм фэилъхьэгъуэ нэхъыщхьэу яIэр ныбжьыщIэхэм егъэцIыхунрати, абыхэм Iуэхум зэрыхащIыкIыр нэрылъагъуу зэпкърахащ адыгэ цIыхухъу, цIыхубз фащэхэм я зэхэлъыкIэр, ахэр зэрызэрахьэ щIыкIэхэр, фащэхэр зыд бзылъхугъэ IэпщIэлъапщIэхэр лъэпкъым сытым дежи иIэу зэрыщытар, иджыпстуи дэрбзэр Iэзэхэр дызэриIэр, адыгэм къигупсысауэ ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI фащэр нэгъуэщI лъэпкъхэми къащтауэ зэрызэрахьэр жаIащ щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ. Ахэр къытхутепсэлъыхьащ курыт еджапIэм илъэс куэд щIауэ гупжьей хэха зэрыщылажьэм, щэкIым, фэм, тхылъымпIэм, нэгъуэщI куэдми хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрыхащIыкIыфым. Школым къыщащIа Iэзагъэхэр унэм щIэс я анэшхуэхэм щIагъэбыдэжурэ сабий фащэ цIыкIуэхэр, нэгъуэщI хьэпшыпхэр езыхэм зэрадыжар щыгуфIыкIыу къыджаIащ пщащэхэм.

Къэрэгъэш курыт еджапIэм щIэсхэм я Iэпэм дыщэ къызэрыпыщыр, абы щыIэ гупжьейхэм Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым зэрыщыхуагъасэр щынэрылъагъут школ музейм. Абы и зы плIанэпэм шхыныгъуэ теплъэ иIэу щIа малъхъэдисхэмрэ гъущI доскамрэ къагъэсэбэпурэ «щопщIафIэ» пщащэ цIыкIухэр. АдэкIэ къыщытщ щIахъуэ, тхъурыжь, хьэлу, щIакхъуэ зэтеупIэщIыкI, зэкIэрыс, хьэлыуэ, лэкъум IэфI, пIастэ, джэшлыбжьэ, жэмыкуэ, кхъуейжьапхъэ, махъсымэ, IэшырыI, джэд лыбжьэ, жэрумэ, тхьэмщIыгъуныбэ, лыгъур, бжьыныху шыпс - адыгэ шхыныгъуэ хэплъыхьахэмкIэ узэда Iэнэр. Музейм и зы плIанэпэр хухэхащ адыгэ жьэгум, унагъуэм къыщагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэмрэ абыхэм нэхъапэм яIа теплъэмрэ. Зи гугъу тщIа IуэхугъуэхэмкIэ ныбжьыщIэхэм ядэлэжьа, курыт еджапIэм и унафэщIым и къуэдзэхэу Уэтэр Жаннэ, Уэзрокъуэ Лейла, дерсщIыб лэжьыгъэмкIэ егъэджакIуэ ДыщэкI Джульеттэ, пэщIэдзэ классхэм щезыгъаджэ Нафон Заретэ сымэ я IэдакъэщIэкIым щхьэпагъ куэд къызэрыпэкIуэр тлъэгъуащ а махуэм.

ПэщIэдзэ классхэм щезыгъаджэ Цагъэ Iэминэ иригъэкIуэкIа дерсым наIуэ къытщищIащ, сабийхэм ябгъэдилъхьэ щIэныгъэм нэмыщI, ахэр гупсысэфу, Iуэхугъуэ гугъухэм я хэкIыпIэхэр къагъуэтыфу зэригъасэр. Абы и щыхьэту дерсым егъэджакIуэм мураду щызэхуигъэувыжат Iуэхугъуэ гугъухэр, зэхэзэрыхьахэр зэрызэхагъэкIыфыр адыгэбзэ дерсым къыщагъэлъэгъуэн хуейуэ. Гупгупу игъэтIыса сабийхэр доскам псалъэрэ сурэту зэхэгъэувауэ ит псалъэухахэм кърригъэджащ. ЯмыщIэ псалъэу абы хэтхэр псалъалъэмкIэ къагъуэтурэ зэрагъэщIащ, мэракIуэ лIэужьыгъуэу щыIэхэр зэхагъэкIащ, ребусхэр ящIыжащ. Уеблэмэ, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ фыхъуауэ къызыщывгъэхъу жиIэри, урысыбзэкIэ тха тхыгъэр адыгэбзэкIэ зрыригъэдзэкIащ, урысыбзэр адыгэбзэм кърагъэзэгъащ. КIэщIу жыпIэмэ, зы дакъикъи Iуэхуншэу щысакъым Iэминэ и еджакIуэхэр. Зэманым декIу IэмалыщIэхэр къигъэсэбэпу, тхылъымпIэ кIапэ цIыкIурэ ахъшэ жьгъейхэмрэ яритри, щхьэж дерсым зэрыщылэжьам теухуауэ егъэджакIуэм хуигъэувар трагъэкIыурэ къыщIагъэщащ. Анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр, ар фIыуэ щIалъагъур, бзэм цIыхум дежкIэ иIэ мыхьэнэм теухуауэ цIыкIухэм яIэ гупсысэхэр къаIуэтащ, тхылъымпIэм къыхэщIыкIауэ ягъэхьэзыра таж цIыкIухэр я щхьэм фIалъхьэурэ. Iэминэ и гъэсэнхэм унэ лэжьыгъэу яритащ я музейм щIэлъ пасэрей хьэпшыпхэм я сурэтхэр. Иджырей гъащIэм къыщамыгъэсэбэпыж хьэпшыпхэм я цIэмрэ ар зи щIысымрэ зэрагъэщIэн хуейщ адэанэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм, гъунэгъухэм еупщIурэ. А дерсри хуабжьу щхьэпэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, унэ лэжьыгъэр ящIыжыху, абыхэм зэхахыну хъыбархэр куэд и уасэщ, блэкIамрэ нобэмрэ зэпызыщIэ лъэмыжым ирикIуэнущ.

6-нэ классым щекIуэкIар дерс зэхэт къызэрымыкIуэ хъуат. Министерствэм иригъэкIуэкI зэпеуэм и хабзэхэм къызэрагъэувым хуэдэу яубзыхуащ зэхьэзэхуэм хэтыну мурад зыщIахэм я урокхэр. Апхуэдэу урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ егъэджакуэ, «Налмэс» мультстудием и унафэщI Къэрэмызэ Заремэ щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэм я къызэдекIуэкIыкIэмрэ анимацэ Iэмалхэмрэ зэхэту ныбжьыщIэхэм я къэухьым зэрызригъэужьырщ а махуэм утыку кърихьар. Иджырей технологиехэр Iэрыхуэу къэзыгъэсэбэп егъэджакIуэм и дерсым хуабжьу дихьэхыу щылэжьащ ныбжьыщIэхэр.

Заремэ зы сыхьэт иримыкъум кърииубыдэу, ныбжьыщIэхэр куэдым иригъэлэжьащ. Адыгэ, урыс литературэм и классикхэм я творчествэм зэщхьу хэт тхыгъэхэр яритри, еджакIуэхэм зэпкърыригъэхащ. А Iуэхум гупитIыр пэрытыху, адрейхэм телъыджэу къагъэIурыщIащ иджырей технологиер. Дакъикъэ бжыгъэм кърииубыдэу абыхэм видео теплъэгъуэ цIыкIухэр зэхалъхащ, щIымахуэм и теплъэр адыгэ литературэм къызэрыхэщыр иту. Абдеж здэщысым зэрылэжьэну IэмэпсымэхэрщIэгъэнащи, сурэтхэри ящI, макъхэри щIагъэувэ, уеблэмэ, персонаж хэтмэ, ягъэпсалъэ. А псори зэфIокIри, экраным къегъэлъэгъуэж. Къапщтэмэ, мы дерсыр щIэтэкъым, абыхэм я дежкIэ. Къэрэмызэ Заремэ и нэIэ щIэту лажьэ гупжьейм апхуэдэ куэдым зыщыхуагъасэ, дерсыр нэхъыщхьэу зытеухуари къемыхьэлъэкIыу ролик щIащIыфар аращ. КъызэрыщIэкIамкIэ, Заремэ и гъэсэнхэм таурыхъхэр ящI - зэхалъхьэ, технологиехэмкIэ зэхуахьэс, «псэ къыIуагъакIэри», псалъэу, къафэу, джэгуу, зекIуэу лIыхъужьхэр зыхэт таурыхъ дунейм къытрагъэхьэ. Абыхэм ущеплъ хъуну щIыпIэр куар-кодхэмкIэ ягъэнэIуауэ яIэти, тыгъэу къыдатри, сэ сфIэгъэщIэгъуэну сеплъащ.

- Мыр дерс къудейкъым, атIэ къэхутэныгъэ лэжьыгъэм щыхуэкIуи щыIэщ, - жеIэ Заремэ. - Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, псэущхьэ гуэр зыхэт таурыхъ пщIыну иужь уихьамэ, абы и дуней тетыкIэр, щыпсэур, ишхыр, и зекIуэкIэр, нэгъуэщI куэдыр зэбгъэщIэн хуейщ. Ахэр псори зрагъащIэри, итIанэ анимацэм иужь йохьэ ныбжьыщIэхэр. «Ди бзэр дывгъэхъумэж» жиIэу мультфильм диIэщ, ар зэпеуэхэм щыдгъэлъэгъуащ, япэ увыпIи къэтхьащ. «Малкэ, Бахъсэн, Тэрч псыхэм я хъыбарыр», «хабзэм», Гуащэней теухуауэ, нэгъуэщIхэми куар-кодхэмкIэ уеплъ мэхъу.

Творческэ лъабжьэ зиIэ, сабийхэм я къэухьым зезыгъэужь, лъэпкъ щэнхабзэм хэзыгъэгъуазэ, щIэныгъэ гъуэгур къахузэIузых, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэпыщIэныгъэр нэрылъагъу къэзыщI дерс хьэлэмэту екIуэкIащ Заремэ и дерсыр.

Зэпеуэм и хабзэм къызэригъэувым ипкъ иткIэ, еджапIэм щекIуэкI лэжьыгъэм, анэдэлъхубзэр зэрырагъэдж щIыкIэм къэпщытакIуэхэр щагъэгъуэзэн хуейти, ар утыку кърихьащ урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Хъуран Татьянэ. Абы зэрыжиIамкIэ, иджырей зэманым къигъэув къалэнхэм къыкIэрымыхуу, лэжьыгъэм IэмалыщIэхэмрэ IэмэпсымэщIэхэмрэ къыщагъэсэбэпу школакIуэм игъуэтын хуей щIэныгъэм, гъэсэныгъэм, зыужьыныгъэм йогугъу. Школым щылажьэхэр Прохладнэ куейм и мызакъуэу, республикэм, къэралым щекIуэкI зэпеуэхэм, семинархэм хэтщ, абы къыщащIахэмкIэ я лэжьэгъухэм ядогуашэ, махуэ къэси я Iэзагъым зэрызрагъэужьыным иужь итщ. «Адыгэбзэр сабийхэм я гумрэ я псэмрэ хэпщауэ, лъэпкъ щэнхабзэм хащIыкIыу къэтэджын папщIэ, дерс къызэрыгуэкIхэм нэмыщI, классщIыб лэжьыгъэхэр ядыдогъэкIуэкI, зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм нэхъ куууэ дадолажьэ, ахэр зэхьэзэхуэхэм догъакIуэ, мыдрейуэ бзэр джыныр къызэхьэлъэкIхэм, еджэным къыкIэрыхухэм гулъытэ лей яхудощI, хэкIыпIэщIэхэр къахудогупсыс. Ди еджакIуэхэр жыджэру хэтщ къуажэм щекIуэкI гуфIэгъуэ Iуэхухэм, абыхэм къафэм, уэрэд жыIэным зыщыхуагъасэ ЩэнхабзэмкIэ унэм», - жиIащ Татьянэ. Абы къыхигъэщащ школым щекIуэкI Iуэхухэм адэ-анэхэр къызэрыхашэр, зы илъэсым щIигъуауэ Цагъэ Iэминат зи унафэщI музейр зэрыщылажьэр, курыт школым щеджахэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтурэ еджапIэм лэжьакIуэ къызэрагъэзэжыр, нэгъуэщIхэри.

КъыкIэлъыкIуэ Iуэхур щекIуэкIыну къатым дыщыдэкIуеим Къэрэгъэш жылэм и гушхуапIэу, и набдзэу, и вагъуэу иIэхэр дагъэцIыхуащ еджакIуэ цIыкIухэм. Дэтхэнэри гъэхуауэ тепсэлъыхьащ а жылэм къыдэкIа цIыху цIэрыIуэхэу, щIыхьыцIэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэу, адыгэ щэнхабзэм, щIэныгъэм, литературэм хэлъхэныгъэшхуэ хуэзыщIахэу Уэтэр Анатолэ, Шал Къэралбий, КIэщт Мухьэз, Гъубж Мухьэдин, Уэрыш Нурхьэлий, Iэхъуэбэч Аслъэнбий, Шыбзыхъуэ Мухьэдин, Хъуран Музэрин, Уэтэр МуIэед, Шал Хъусен, Мысрокъуэ Рустам сымэ, нэгъуэщIхэми я гъащIэмрэ творческэ лэжьыгъэмрэ.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэр зэхуэзыщIыж класс щIыб лэжьыгъэм иджыри къэс зи щIэныгъэр зыгъэлъэгъуа школакIуэхэр къыщыфащ, уэрэдхэр щыжаIащ, иужьрей лIэщIыгъуэхэм адыгэхэм къызэпача гъуэгуанэ гугъум я нэгу щыщIэкIа Iуэхугъуэхэм ятеухуа теплъэгъуэхэр щагъэлъэгъуащ. Уи щхьэр лъагэу уэзыгъэлъагъуж пычыгъуэт адыгэ фащэ зыщыгъ щIалэ 12-р утыку къихьэу, адыгэ лIакъуэ 12-м я хъыбар къызэраIуэтар.

А псор зытеухуэжар адыгэ лъэпкъымрэ хэкумрэти, бзэ шэрыуэ зыIурылъ ныбжьыщIэхэм ялъэкI къамыгъанэу дерсхэм щылэжьащ, утыкум итащ, Къэрэгъэш жылэм щIэблэ узыншэ, щэныфIэ, акъылыфIэ зэраIэр нэрылъагъу ящIу.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я журналист.

● Нобэ Гуапагъэм и дунейпсо махуэщ

Сытым дежи и чэзущ

«ФIЫМ фIы къешэ», «Удахэмэ - ухейщ, ухеймэ - улъэщщ», «Уи япэкIэ мывэ хъурей бгъажэмэ, ухуэзэжынщ», «Дахэ и щIагъ дыщэ щIэлъщ», «Дахэр пагэмэ, пуд мэхъу», «Зи бзэ IэфI щынэр мэлитI щIоф», «Зи бзэ IэфIым блэр гъуэмбым къреш»... Мыпхуэдэ псалъэжьхэм урагъэгупсыс гуапагъэм, дахагъэм, фIым. Пэжуи мы дунейр зэтезыIыгъэр гуапагъэрщ. Гуапагъэрщ гур нэхъ щабэ зыщIыр, псалъэм псэ хэзылъхьэр, махуэхэр щIэщыгъуэ зыщIыр, лэжьыгъэм гукъыдэж хэзылъхьэр, жьыми щIэми ехуэбэкIыр, псэм еIэзэр... Гуапагъэ зыщIэнум Iэмал егъуэт. НэгъуэщIым сэбэп ухуэхъу, бгъэгуфIэ къудейкъым гуапагъэ блэжьмэ. АтIэ уэ езым уи псэм и тыншыгъуэ абы зэрыхэлъыр сыт и уасэ! Сыт и уасэ уи гукъыдэжым абы зэрызыдиIэтыр!

1998 гъэ лъандэрэ щэкIуэгъуэм и 13-м дуней псом щагъэлъапIэ гуапагъэм и махуэр. 1997 гъэм Японием къыщыунэхуащ «Дуней псор гуапагъэм и телъхьэу» зэгухьэныгъэр. Илъэс дэкIри, щэкIуэгъуэм и 13-м Токио щызэхэтащ волонтёр зэгухьэныгъэм и япэ зэхуэсышхуэр. ЗэIущIэр къыщызэIуахар гуапагъэм и дунейпсо махуэу ягъэуващ. Зэгухьэныгъэм иIэжщ дэфтэр - «Гуапагъэм и декларацэр». Абы итщ зэгухьэныгъэм хэтхэм къэрал къэс зыпащIэурэ, IуэхуфIыр ягъэIэпхъуэурэ, гуапагъэм, мамырыгъэм, гущIэгъум укъыхуезыджэ гупсысэхэр яшэщIыну зэрамурадыр. ИлъэситI къэс зэгухьэныгъэм и хасащхьэм хэтыну гупыр ягъэбелджылы. Нэхъыбэу Iуэхум хэтхэр зэрызэпыщIари зэрызэрыщIэри интернет Iэмалырщ. IуэхуфIхэр къыхалъхьэ, ахэр гъащIэм хапщэ, зым адрейм щапхъэ трех. Апхуэдэу зэпыщIауэ къокIуэкI гуапагъэ Iуэхур. Махуэшхуэр щагъэлъапIэ дуней псом и плIанэпэ куэдым. Илъэс къэси а махуэм гулъытэ лей хуэзыщI къэралхэм я бжыгъэм хохъуэ. Гуапагъэм и дунейпсо махуэм дамыгъэ хуащIащ гур. 2009 гъэм Москва, Манеж утым, щекIуэкIащ гуапагъэм и флешмоб. Махуэр мардэ хэха гуэрым тету ягъэлъапIэркъым, атIэ щхьэж езым къегупсыс икIи къызэрегъэпэщ ар нэхъ дахэ зэрищIыну Iэмал.

Лама Далай XIV жиIат IуэхуфIхэм уегупсысын къудейр зэрымащIэр, ахэр блэжьын зэрыхуейр. Iуэхум зепщытын - аращ нэхъыщхьэр». «Уэ сыт къыхэпхыр» тхылъыр зи IэдакъэщIэкI психолог Бен-Шахар Тал тотхыхь цIыхухэр зэгупсысыну шынэ Iуэхугъуэ гуэрхэм. Псалъэм папщIэ, дунейм фIы хэлъхьэнымкIэ, нэхъ гуапэ щIынымкIэ цIыху щхьэхуэм и къару илъыр зыхуэдизыр нэсу езым къызэрыгурымыIуэжыр, абы къыхэкIыуи, хуэщIэнур ищIэм нэхърэ куэдкIэ зэрынэхъ мащIэр.

«Заплати другому» американ художественнэ фильмым хэтщ мыпхуэдэ Iуэхугъуэ: егъэджакIуэм и гъэсэнхэм унэ лэжьыгъэу ярет «Дунейм фIы и лъэныкъуэкIэ зихъуэжын папщIэ дэ сыт тхуэщIэнур?» упщIэм жэуапкIэ пэджэжыну. ТреворкIэ зэджэ еджакIуэм мурад ещI сэбэпынагъ зыхэлъ Iуэхугъуищ илэжьыну. Езым имыцIыху цIыхуищым зыгуэркIэ сэбэп яхуохъу, фIыщIэ къыхуащIыным нэхърэ езыхэми ардыдэр ящIэмэ - цIыхуищым зыгуэркIэ яхуэщхьэпэмэ нэхъ къызэрищтэр - ягурегъаIуэ. Апхуэдэурэ гуапагъэ Iуэхур макIуатэ - зым адрейм фIы хуищIэм, адрейми ар щапхъэ хуэхъуурэ. Тревор езыр цIыхуищым ядэIэпыкъурэ а зыдэIэпыкъуахэри цIыху щырыщым ядэIэпыкъужрэ, ахэри цIыху щырыщым ядэIэпыкъуурэ Iуэхур кIуатэмэ, «лъэбакъуэ» тIощIрэ езанэм деж дунейм цIыхуу тетым зы гуапагъэ кIапэ ялъэIэсынут. Апхуэдэу йогупсыс еджакIуэр. Тревор унэ лэжьыгъэр щигъэзащIэм крикIуа гупсысэр цIыху куэд дыдэм ялъоIэс, езым игъащIэм имылъэгъуахэм ар сэбэп яхуохъуф.

XX лIэщIыгъуэм и публицист нэхъ лъэщхэм ящыщ Кови Стивен гуапагъэ зэрыблэжьыф Iэмал нэхъыщхьэу къыхегъэщ лIыгъэр. «КъызэрыгуэкIыу ущытыныр IуэхуфIхэм я лъабжьэу къызолъытэ. Аращ сэбэп къытхуэхъур ди хьэл-щэным фIыуэ хэлъым къыхэдгъэхъуэн зэрыхуейр къыдгурыIуэнымкIэ. КъызэрыгуэкIыу ущытыныр сэбэпщ нэгъуэщIым и пIэ уиувэфынымкIэ. IуэхуфI псоми ящхьэу къызолъытэ лIыгъэр», - жиIащ абы.

Пэжагъыр гуапагъэм и зы Iыхьэщ. «Пэжагъыр тыншу узыгъэпсэущ, узыгъэлажьэщ, хьэрычэт Iуэхури пхуэзыгъэкIуатэщ», - етх хьэрычэтыщIэ, тхакIуэ Батырев Максим (Комбат).

ГъэщIэгъуэнщ нэмыцэ усакIуэ, критик, гупсысакIуэ Гёте Вольфганг Иоганн фIым, гуапагъэм теухуа и гупсысэр: «ЦIыхухэм уащыхуэгуапэм деж гу лъыботэ зэхущытыкIэр езыр-езырурэ екIу зэрыхъум. Сыт абы и щэхур? Мы дунейм щекIуэкIыр псори уэ зым уи хъуреягъым зэрыщымыкIэрахъуэр зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. «Псори» жыхуэтIэм къыдогъэкI дунейр, махуэр, лэжьыгъэм епха псалъэмакъхэр, гъуэгур... Дуней псор уэ къызэромыгъэщIылIар хьэкъ пщыхъунущ, адрейхэри зэрыщIэщыгъуэм, я гупсысэхэр зэрыдахэм уегупсысмэ. ХьэщIэщым щылажьэ лъэсакIуэм, машинэзехуэм, хьэрычэтыщIэм - псоми гупсысэ яIэщ».

«ЦIыхупсэм и къэбзагъэр кърипщытэ мэхъу ар езым нэхърэ нэхъ зэфIэкI мащIэ зиIэхэм зэрахущытымкIэ. Псэ хьэлэлу щытыныр цIыхум и щэн нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ. Ар егъэлеяуэ сэбэп мэхъу цIыхур IэпкълъэпкъкIэ узыншэнымкIи и псэр хуиту щытынымкIи. ЗэманкIэ, мылъкукIэ, псалъэ гуапэкIэ нэгъуэщI цIыхухэм ядэгуэшэфым и псэр мэтынш, апхуэдэр гугъуехьхэм нэхъ тыншу пхокIыф. Дыпсэхьэлэлмэ нэхъ насыпыфIэ дыхъуу дыкъигъэщIащ цIыхур», - етх британ тхакIуэ, тхыдэдж Карлейль Томас.

Нейробиологхэм къызэрахутамкIэ, цIыхум Iуэху гуапэ щищIэм деж насыпымрэ гуфIэгъуэмрэ зэрызыхэпщIэ щхьэкуцIым налъэм къыхохъуэ.

«Уи псалъэр гуапэмэ, - лъэщщ, уи Iуэхур гуапэмэ - куущ, гуапагъэр бгуэшмэ - гухэлъщ», - етх пасэрей китай философ Лао-цзы.

Гупагъэр дэгуми зэхех, нэфми елъагъу», - етх американ тхакIуэ Твен Марк.

Гуапэ здэщымыIэм, псапэ щыIэкъым, - жеIэ адыгэ псалъэжьым.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.293
Заказыр №2442
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, корректорхэу ПхытIыкI Марие (1, 4-нэ нап.), Нэужьокъуэ Заирэ (2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Елмэс ФатIимэ.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.